ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№20 (21.928) ● 2011 гъэм мазаем (февралым) и 5, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Республикэм и Унафэщ Іыр ислъэмейдэсхэм яІуощІэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен мазаем и 3-м щыІащ Бахъсэн районым хьихьИслъэмей къуажэм икІи нужьрей зэманым ислъам диныр тегъэщІапІэ ящІу щІэпхъаджащІэхэм ялэжь Іуэхугъуэхэм къежьапІэ яхуэхъур, абыхэм япэщІэтынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр зэхэгъэкІын мурадкІэ, жыІэдэсхэм яІуащІ.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и япэ къуэдзэ Абрэдж Іэдиб, министрхэр.

КъУАЖЭ администрацэм и унафэщІ **Сыжажэ Аслъэн** зэІущІэр къыщыІэзІуихым къыхигъэщащ тхьэмахуитІ хуэдэ и пэкІэ республикэ Унафэщ ІымИслъэмейм и нэхъыбжьыф хэр иригъэблагъэу зэрахуэзар, нобэ къуажэдэсхэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэм абы щыгъуэми щыгъуазэ зэрызахуищІар. «Абы кІыпльыщІащ мы зэІущІэри, - жиІащ Сыжажэм, - дыщыгугъынщ ІыхьнатІэм мамыр псэукІэр щыхэзгъэубгъэкынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр убзыхуныкмкІэ ар щхьэпэ хъуну».

- Иджыблагъэ Правительствэм и Унэм фи куажэм и ІыкІуэхэр хэту щегъэкІуэкІа зэІущІэм сэ щыгъуазэ сыщащІащ нобэ жыІэм иІэ псэукІэр зыхуэдэм, щІыхуэхр нэхъ зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэм икІи къэкІуэнум фІы и лъэныкъуэкІэ зиужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэми я гугъу тщІащ, - жиІащ **Къанокъуэ Арсен**. -Ислъэмей къуажэр республикэм щынэхь ин икІи зи ІыдэР жыжьэ къыщежьэ жыІэзэщхуэхэм ящыщІ. Сэ сощІэ, республикэм и адрей жылагъуэхэми хуэдэу, мыбыи нужьрей ислъэхэм гугъуехь кІуэд къызэрыщыкъуэкІар. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, курыт еджапІэхэр, амбулаторэр, гъуэгуэхэр, уэрамхэр зыхуей зэрыхуэгъуэзапхъэр. Аха эри, адрей фызыгъэпІейтей Іуэхугъуэ псори тэмэму зэрызэфІэтхьыным дыхущІэкъунущ. Пэжщ, зы махуэм, зы сыхьэтым фызыгъэпІейтей псори и пІэм идгъэувэжынущ жьитІэркъым, фэри къыбгроІуэ дэтхэнэ зы Іуэхури ефІэкІуэнЫр нобэ республикэм и экономикэм игъэт зыужьынныгъэм зэрелъытар. 2005 гъэм къыщыщІэдзауэ 2008 гъэ пщІондэ республикэм и бюджетым фІыуэ хэдгъэхъащ. БжыгъэкІэ къэбгъэльэгъуэмэ, меларди 6 хъууэ щытар мелард 25-м нэсащ. Ди экономикэм и зыужьыкІэмкІэ хэгъуэгу щыІналъэхэм дакъыдзэрыкІэрыкУ щыІэкъым, пэжщ, псоми хуэдэу, дэри зыхэтщІащ кризисым и Іэужьыхэр, ауэ етхьэжьа лэжьыгъэхэм кІэрыдгъэхуакъым, дефІакІуэрэ ипэкІэ докІуатэ.

Щыхуэ щэджащэ куэд къыщыхъуащ Бахъсэн районым, абыхэм зэфІэкІ ІыгъэкІэ кІагъэльагъуэу республикэм и унафэщІ ІэнатІэхэм пэрытщ. Къэтщтэнщ экономикэм игъэт зыужьыныгъэхэри, инвестицІэ проект нэхъыфІхэр ящэу гъэзэщІэн щыщІадзар фи районырщ. Абы къегъэлъагъуэ зэманым зыдрагъэкІуу псэукІэ тэмэм зэраухуэным ахэр зэрыхъущІкъур. Фи цІыхухэм сащыхуэзам сэ къызэгурыІуащ жыпІэм щыщІэ щыгъуэ и мызакъуэу, республикэм нобэ къыщыхъуу Іуэхугъэ псоми ахэр зэригъэгумэщІыр. Нобэ псом хуэмыдэу дызыгъэгузавэр ислъам диныр и тегъэщІапІэу щІыналъэм щалэжь щІэпхъаджагъэхэрщ. Цыхуэ лажьэншэхэр зэрауКым псори дегъэгубжь. Дыгъуасэ ШэджэмщаукІа щІалэхэр сыткІэ абыхэм зэрекъуэнщІкІар?! Я ныбжькІэ ахэр щІалэщ, дэтхэнэми бынитІ-щы къащІэнащ. Апхуэдэ къэхъукъащІэхэр Іэпэдэгъэлэп тщІы хьунукъым, ди къарур зы тщІыуэ я бзаджащІэхэм дапэщІэтын хуейщ. Сэ псоныр сэ пщэ щыдэслъхьэжкІэ, щІыналъэм мамыр псэукІэр щытепщэу щытынымкІэ жэуап сохь. Сытым щыгъуэ ди лъэпкъыр зэрыуКыжу къыщекІуэкІар? АтІэ нобэ дыдэзрыхуа щытыкІэ гугъум сыт и хэкІыпІэр, ди щІалэгъуалэр щІэпхъаджащІэ хьуным сыт хуэдэ щхьэхусыгъуэ иІэр, къуаншэр дэнэ къыщытлъыхьэнур? Си гугъэщ абыхэм я жэуапхэри Іуэхур тэмэму зэрыщэфІэтхьынымкІэ чэнджэщхэри нобэ фи деж щызгъэкІынщ щІалэгъуалэм ІэнатІэ зэрамыгъэзгъэ, псэукІэ тэмэм ящхуэну Іэмалхэр зэрамылэр. Ауэ дызэвгъэпльэкІыжьыт, дэтхэнэ лъэхъэнэми езым и гугъуехьхэр иІэжщ, сытым дежи цІыхухэм зыхуей яІэу къекІуэкІакъым, зэрыхъукІэ я псэукІэр зэрырагъэфІэкІуэным хущІэкъуурэ къыхъуэгурыкІуащ армыхъмэ.

Унагъуэм гъэсэныгъэ тэмэм щрамыту пІэрэ? Девгъэгупсыс зэгъусэу Іуэху мыхъумыщІэм и гъабжьэр къыщежьэм.

Хабзэхъумэ ІэнатІэхэри нобэ я къалэным тэмэму пэлъэщыркъым, уеблэмэ я щхьэри яхуэхъумэжыркъым абыхэм. МыхъумыщІагъэ псомкІи ахэр тхуэгъэкъуэншэнукъым, а ІэнатІэр тэмэму зэтеубла щІэмыхьум и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ я улахуэр зэрымащІэр, пэжьакІуэхэм я нэхъыбэр я къалэныр зыхуэдэм фІыуэ щыгъуазэу зэрыщымытыр. Къыгъэзэжьэкри, абыхэм я закъуэкІэ Іуэхур зэфІэха хьунукъым. Дэ иджыпсту зэхэтлъхьащ «Республикэ щынагъэнщэ», «Район щынагъэнщэ», «Къуажэ щынагъэнщэ» программэхэр икІи ди цІыхухэр мамыру псэун папщІэ мылъкуи къаруи дебгъэжьнукъым.

Пащхьэ гуаэр дэтхэнэ зыми къытлъэІэсынкІэ хьунущ, абы къыхэкІыу зыщІ адрейм зыщІигъэкъуапхъэщ, иджыпсту дызэрызуа щытыкІэ гугъум дыкъызэрикІыну щыкІэм акъыл зэхэдзэкІэ дыхуэкІуэн хуейщ. Властми тхуэзфэкІыну псори длэжьу къыщІэкІынукъым, ди Іэпэ къызыпекІуэкІыр тэмэму зэфІэтхьну дыхущІокъу. Дэ къыдгроІуэ къызэрыгуэкІ цІыхухэри къулыкъущІэхэм ящыщи абыхэм зэрагъэшынар, ауэ къэралым утекІуэнукъым, гува-щІэхами, абыхэм ялэжьамкІэ жэуап яхьынущ. Иджыпсту ди къалэн ІэнатІэхэщхьэ щІалэгъуалэм я къарурэ гуащІэмрэ Іуэху щхьэпэхэм хуэунэтІынырщ, абыхэм щІэх-щІэхыуэр яхуэзэн, епсэлъыпІэн хуейщ. Псори къыщежьэр унагъуэращи, ныбжьыщІэм абдеж фІэлІыкІ щиІэу къэхъун хуейщ. Щапхъэу къэсхьынщ Шэшэн Республикэрн, терроризмэм зэребэну абы Іэмал куэд къыщагъэсэбэпащ. Апхуэдэу, цІыхур щІэпхъаджащІэ хъуамэ, ар я лъэпкъым зыхагъэхьэжыркъым, уеблэмэ къуажэм къыдагъэхьэжыркъым. Аращ абы нобэ мамыр псэукІэр щыщІыздэзгъэувэжынущ.

Лъэпкым зытхъумэжьын хуейщ, дэ нэгъэщІыпІэ къыкІыу дэІэпыкІуэгурэ зыгуэр къытхуэхъуным дежьэу дызэхэс хъунукъым. Пэжщ, къалащхьэм дэ сытым дежи зыкъытщІигъэкъуэнущ, ауэ ди щхьэ и унафэ дэ тхуэщІыкъу щытын хуейщ. Дэ дызэрыкІмэ, ди Іуэхур екІакІуэмэ, ар зыфІэфІ хъун куэд щыІэщ, жагъуэгъуэгъэгуфІэ дыкъыгъэхъуу нэхъ щІэхьу хэкІыпІэхэр къэдвгъэгъуэт.

- Ди къуажэ етІуанэу укъыдохьэри, угъурлыгъэкІэ укъыдыхьауэ Тхьэм къыщІигъэкІ, - жиІащ къуажэм и ветеранхэм я Советым и тхьэмадэ **ЛампІэжь Владимир**. - Уи ныбжьыр махуэ тхуэхъуауэ, ди жылэмэи республикэми къыщыхьу Іуэху мыщхьэпэ псори нобэ укъыдыхьэ гъуэгуанэм дэкІуэдыну Тхьэм жиІэ. Ислъэмей жылэшхуэщ, цІыху мин 13-м нэблагъэ дэсщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, щІэпхъаджащІэхэм ди къуажэм щыщи яхэщ. Уэ дыпІэшу дыкъэкІуэжа нужь, жылэм дэс нэхъыжьхэр, Іуэхущ Іапі эзхуэмыдэхэм я унафэщІхэр дызэхуэсри, ди щІалэгъуалэм я псэукІэм иджыри зэ дегупсысащ. ЩІэпхъаджащІэ гупым ихэту ди жылэм щыщ цІыху 65-рэ къагъэпъэгъащ, дызыхэпльэжащ, дызыщІэупщІэжащи апхуэдизэ диІэкъым. Псори къыщыщІидзэр унагъэрщ. Сабийм абдеж щигъуэт гъэсэныгъэрщ гъащІэм щиубыдыну увыпІэр куэдкІэ зэпытчтар. Щапхъэ зытепх хьун унагъуэ куэд диІэщ жылэм. ДяпэкІэ ямс ахэри еджапІэри зыдэдгъэІэпЫкъуурэ, ныбжьыщІэхэм дадэлэжьынущ. Апхуэдизу щыІэ мы щыхьмыщІэ гуэрри къаХэкІынкІэ хъунщ, ауэ ахэр гъэзгу захуэм тетщэжьынымкІэ тхуэзфІэкІ длэжьыну укъыдогъэгугъуэ, дэтхэнэми щхьэхуэу депсэлъыпІэнщ.

(Кэуухур 2-нэ нап.).

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ*

Къанокъуэ Арсен Ислъэмей къыщІопсалъэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Министрым къегъэлъагъуэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Меркулов Александр дыгъуасэ иригъэдэкІа зэІущІэм Іуэхугъуэ 17 щыІэп-кьрахащ.

МЫ МАХУЭХЭМ гуузу хэкІуэда хабзэхьумэхэм я фэеплъым дакъыкІэкІ Іуэхущ Іуэ нэуэкъ, зэхьхьхэм щыхэплъащ 2011 - 2015 гъэхэм КъэбэрдэЙ-Балъкъэрым гъащІэ узынщ щыІэтегъэувэным теухуа республикэ программэ хэхам, «КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и аппарат» къэралыгъуэ хъущІапІэ къыщэхэпІэнщІыным», 2025 гъэ пщІондэ социальнэ, экономикэ я лъэныкъуэкІэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм зэрэзиужьыну Стратегием щыубзыхуахэр зэрагъэзэщІэну щыкІэм я Іуэхугъуэ КъэбэрдэЙ-Балъкъэрым и Правительствэм и унафэхэм я проектхэм, нэгъэщІэкэм.

Зэраубзыхуам тету, зэІущІэм щёдэІуащ 2010 - 2011 гъэхэм КъБР-м и Іуэхугъуэ ІапІэ-гъ бжьыхьэ-щыжьмэ хуэхьэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырыным хуэунэтІауэ нэгъабэ накъыгъэм и 12-м республикэм и Правительствэм кьищта Унафэр зэрагъэзэщІам теухуауэ уху-нЫгъэмкІэ, архитектурэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министр **Кьультырей Хьэчим** жиІахэм, Абы кьыхэригъэлъагъуамкІэ, 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу кьапэщыта лэжьыгъэ псори процентн 100-кІэ зэфІагъэкІащ. Котельнэ 389-рэ ныкъэзыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ, хуабэ гуэшыпІэу километр 546-рэ, псы кІуапІэу километр 3900-рэ зыхуей хуагъэзащ, метр зэбгъуэзнатІэ мелуанн 5-рэ мин 79,2-рэ хьу псэупІэ уноу 3359-рэ гъэлъыгъуэ лъэхъэнэм хуагъэхъэзыращ икІи зыгтращуа пІальэм ФІэмыкІыу актхэмрэ паспортхэмкІэ щІагъэбыщащ. Нэгъабэ жэпуэгъуэм и 21 льандэрэ гъэпльыгъуэ зэманыр ныкъуасныгъэншэу йоКІуэкІ.

Зэхьхьэм щагъэбеледжылащ «КъэралпсО Іуэхугъуэхэр Іыхьэмрэ «ГъэтІылъыгъэ фондхэр» Іыхьэ гуэдзэмрэ хьихьэу республикэ бюджетым и хьэкъыкІэ зыдэІэпэныкъуныхэр. Ахэр цІыху 26-рэ мэхъу.

НэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми щытепсэлъыхьа зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къудзэхэу **Абрэдж Іэдиб, Ерчэн Темболэт, Гертер Иван** министрхэр, кьалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, къэрал комитетхэм я нэхъыжьхэр, ирагъэблагъэ къулыкъущІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Нэхъри зэщІопльэ

Египетым щызэщІопльэ къэралым и унафэщІхэмрэ щыкъыщыІэтахэмрэ я зэпэщІытныгъэр. ІэщэкІэ зэщІэуэда къаруэм пжІкуэм хэтхэр къэралым и щІыпІэ зэмылажьэныгъэхэм щызэбграху.

А псоми кьагъэльагъэ президент Мубарак Хьусни и къулыкъум текІын мурад зэримылэр.

Хэбгъэзыхьмэ, Іуэхур нэхъыкІэжым хуохІуэ: къэралым щызэпЫэуа щытыкІэр зыхуэдэр дунейпсо жылагъуэм щабзыщІын мурадкІэ, Египетым и властхэм зэхэзэхуэн ящІ журналистхэр, абыхэм я Іэмэпсымэхэр трах. Ар къэрал куэдым ядэркъым.

Аргуэру зы тхьэмахуэ зэхуакуІэ

Урысейм и щыналъэ къудым школакІуэхэм аргуэру зы тхьэмахуэ зэхуакуІэ зыщагъэнсхуэн хуей хьунущ.

Псори зи гъэр зыхуосы-хурщ. Яныныкъуэ щІыналъэхэм я узым щиубыдащ школакІуэхэм я процент 40-м щІигъуэр. Уеблэмэ процент 50-м щыщхьэдэха жылагъуэхэри щыІэщ. Абы кьыхэкІыу еджапІэхэр зэхуащІын хуей хьуащ.

ХабзэщІэ

Москва и Іэтащхьэ Собянин Сергей унафэ кьыдигъэкІащ сату щащІыну щыпІэхэм теухуауэ.

Абы ишІу иткІэ пхъэщхьэмыщхьи, хадзэхкІи, нэгъэщІ ерыскьыгъэхэри кьалащхьэм и метром и кІуэцІым щащэ хьунукъым - ахэр кьыщащэхуфьыщу нэгъэщІ щыпІэхэм. Метром и станцэм щащэнур газетхэмрэ журналхэмрэ я закъэщ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 5, *щэбэт*

♦Лос-Анджелес (США) американ тхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и саугьэтхэр щратынущ ахэр зыхуагъэфащэ.

♦Илъэси 175-рэ и пэкІэ кьалъхуащ урыс литературэ критик, публицист Добролюбов И.А. (1836 - 1861).

Мазаем и 6, *тхьэмахуэ*

♦**Саамхэм я дунейпсо махуэщ.** А лъэпкъым щыщхэм я зэгухьэныгъэм 1992 гъэм ирагъэкІуэкІа 15-нэ конференцыем щаІэтэуващ.

♦2004 гъэм мазаем и 6-м Москва метрополитеным и «Павелецкая», «Автозаводская» станцэм я зэхуакум щалэжьа террорист щІэпхъаджагъэм хэкІуэдахэр ягу кьыщагъэкІыжмахуэщ. Абы щыгъуэ цІыху 34-рэ хэкІуэдащ, 134-р уІэгъэ хьуащ.

♦Мазаем и 6 - 9-хэм Мюнхен (Германе) щекІуэкІынущ щІымахуэ лъэхъэнэм кьагъэсэбэп спорт хьэпщыпхэм я 71-нэ европей гъэпсыгъэныгъэ.

♦Илъэси 100 и пэкІэ кьалъхуащ американ къэрал, политикэ лэжьакІуэ, США-м и 40-нэ президент (1981 - 1989), актер Рейган Рональд (1911 - 2004).

Мазаем и 7, *блыщхьэ*

♦Гренадэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - къэралыр щхьэхуэ щыхъуа махуэщ (1974).

♦Мазаем и 7 - 18-хэм Венэ (Австрие) щекІуэкІынущ ООН-м и Хьэрщыр мамыр мурадхэмкІэ къэгъэсэбэпымкІэ и комитетым и 48-нэ сессиер.

♦Илъэси 105-рэ и пэкІэ кьалъхуащ (1926) урысей шахматист, дунейпсо гроссмейстер, шахмат теоретик, СССР-м и чемпион (1956), дунейпсо зэпеуэхэм куэдрэ хэта Тайманов Марк.

♦Илъэси 105-рэ и пэкІэ кьалъхуащ совет авиаконструктор, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, Ленин саугьэтым и лауреат (1962), СССР-м и Къэрал саугьэтым и лауреат (1952) Антонов О.К. (1906 - 1984).

ПІалІэнэр зыхьхьэзырыр **ШАЛ Мухьэмэд.**

Мэшбащ Іэ Исхьэкъ хах

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Жылагъуэ палатэм и япэ зэІущІэ екІуэкІащ. Абы унафэщІэкр щыхахащ, я лэжьыгъэр зэрекІуэкІынур щаубзыхуащ.***

ЖЫІЛАГЪУЭ палатэм и унафэщІу хахащ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрашей-Шэрджэсым я цІыхубз тхакІуэ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ. Ар УФ-м и Жылагъуэ палатэм и комитетхэм ящыщ зым и унафэщІым и хьэдэуэ щытащ, Іуэхум фІыуэ зэ хэзащІкІ, пщІэ ЗИІэ щІыхущ. Тхьэмадэм и къуэдзэхэщ Крюковэ Аннэрэ Ачмыжь Къазбэчэрэ.

Республикэм и унафэщІ Тхьэкіушынэ Аслъэнджэрий Адыгейм и Жылагъуэ палатэм и унафэщІхэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ. Аращ Мэшбащ Іэм и кандидатурэр къыхэзыльхьари.

ЛІыуКІыр щІопхъуэж

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***ЛІыуу нуклІэу зыхуагъэфащэ щІэпхъаджащІэр тутнакъэщым зышэ автомашинэм бзаджащІэхэр Іэщэ я ныгъуу теуащ. Абы щыгъуэ хъумакІуэхэмрэ руным дэсамрэ нуклІи, ЛІыуКІыр хуит ящІыжащ.***

КъШР-м щыІэ МВД-м къыззэритамкІэ, ар Адыгэ Хьэблэ къуажэм дэж къыщыхъуащ. Черкесск СИЗО-м щІэпхъаджащІэр зышэ «ГАЗелым» автомашинэ псынщІэр къыпэуви, шоферыр яуКІащ, абы бгъурыса милиционерыр яІэщІэкІащ. Адрей хабзэхъумитІым я тутнакъэщым яшэмрэ ису «ГАЗелыр» ирахужьащ. ИужьыуэкІэ а тІум я хьэдэхэр ильу автомашинэр къагъуэтыжащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Хабзэубзыху Іуэхущ ІапІэхэм

Япэ, етІуанэ къеджэгъуэхэм тращІыхь

Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкІэ и комитетыр арэзы техъуащ «УФ-м Бюджетымкі э и кодексымрэ УФ-м и языныкъуэ хабзэубзыху актхэмрэ зэхъуэкІынынгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі э» япэ къеджэгъуэм щыхэплъэн папщІэ, мазаем и 8-м ар Къэрал Думэм и пленар зэІущІэм къыщыхалъхьэну я мурадщ.

КЪЭРАЛ Думэм Бюджетымрэ налогхэмкІэ и комитетым и унафэщІ Васильев Юрий зэрыжиІамкІэ, законопроектым Бюджетымкі э кодексым щегъэув федеральнэ, щыналъэ гъуэгу фондхэр къызэрызэрагъэпэщ икІи ахэр зэраубзыху щыкІэм и правовой лъабжьэхэр. БюджетымкІэ кодексым и 179-нэ статьащІэм «Гъуэгу фонд» гурыІуэныгъэр къыщыхьащ автомобиль гъуэгуэм я проектхэр гъэхъэзырыным, ахэр ухуэным, реконструкцІэ щІыным, къызыхуэтыншІэу зэгъэпэщыжыным, зехьэным тегъуа «гъуэгу гъэжьыгъэхэм» ахъщэ хуэхъыху бюджет мылъкуэм ящыщ Іыхьэр. «Гъуэгу фондыр» гупитІу зэщхьэщыхуэр федеральнэ бюджетым хьихьэу яубзыхунущ; бюджет мылъкуу сом мелард 254,1-рэ щызэгъэуІуа Іыхьэрэ щІыдагъэхэкІэм я акцизхэмрэ гъуэгу Іуэхутхьэбзэхэмрэ кьапэкІуэ ахъщэр зыбгъэдэлъу», - кьынгъэльэгъащ Васильевым. Абы кьызэрыхигъэщамкІэ, мы гъэм хэхъуэхэм я процент 30-р федеральнэ бюджетым, процент 70-р щыналъэ бюджетхэм ягъэкІэнущ.

Федеральнэ гъуэгу фондым хэхъуэмкІэ и Іыхьэр яубзыхун мурадкІэ, етІанэгъэ щІышылъэм и І-м кьыщыщІэдзауэ щІат пщІэхэм щІэуэ хагъэхьэ тонн 12-м щІигъу кьезыщэкІ транспорт хьэлъэм ГъуэгуІ щхьэфэр Іисраф зэрищІыну хуэзэр япшынынри. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, абы 2012 гъэм сом меларди, кьыкІэлъыкІуэ итъэсым меларди 10-м щІигъу бюджетым хэхъуэу кьыхуихьынущ. Я кьуаншагъэр зыхуэдэм елъытауэ, щІыхуэхэм трапльхэну административнэ кьуэдыр сом мини 5-м щегъэжьауэ мини 140-м нобластэ, Іуэхущ ІапІэхэм сом мин 300-м щІигъуКІэ етхьэкъэнущ.

- Дэфтэрым дыщелэжьым экспертизэ ящІын папщІэ, законопроектыр Урысей Федерацэм и щыналъэхэм яхуедгъэхьати, и жэуапу 53-рэ кьытхуэкІуэжащ. Зэрыщыту кьапщтэмэ, щІыпІэ псоми абы арэзы щытехъащ. Арами, етІуанэ кьеджэгъуэм ирихьэлІэу, инфляцэр зыхуэдэм елъытауэ, хэхъуэхэр кьыззрабжьыну щыкІэр гъэбеджьыныпхъэу кьыдолъытэ. Кьыззрыхэзгъэщащи, Федеральнэ гъуэгу фондым и хэхъуэхэр Іыхьитѣ гуэшауэ кьыззрагъэпэщынущ. Янэр - федеральнэ бюджетым и трансфертщ, адрейр акцизхэмрэ нэгъэщІэхэм кьапэкІуэхэрщ. Трансфертыр зэпымыууэ сом мелард 254,1-рэ хьун хуейми, инфляцэр зыхуэдэм елъытауэ, пІалъэпІалъэкІэ зэхуэгъэкІуапхъэщ. Абы кьыхэкІыу, етІуанэ кьеджэгъуэм ирихьэлІэу инфляцэр кьыззрабжьым тещІыхьауэ бюджет трансфертыр зыхуэдизыр зэрагъэбелджылыну щыкІэр хэгъэхьапхъэу кьыдолъытэ, - кьынгъэльэгъащ Васильев Юрий.

ТРЕСКОВ Василий.



● Унэмрэ щІалэгъуалэмрэ

Къэралым и хьэкъкІэ

«2012 гъэ пщІондэ къуажэхэм социальнэ зэрызэужьынур» федеральнэ программэ хэхар Къбэрдей-Балъкъэрым щыгъэзэщІэным нэгъабэ сом мелуани 183-рэ хухахащ. Абы щыщу сом мелуани 134-м нэблагъэр федеральнэ, мелуан 49-м щигъур республикэ мылъкущ.

КЪУАЖЭХЭР псыкІэ кьызэгъэпэщыным бюджет лІэужьыгъуитІым хухаха сом мелуан 42,2-р кьагъэсэбэпри, псы кІуапІэ бжьамийхэмрэ километр 43,9-м щаукъуэдиящ икІи республикэм и жылагъуэ 9-м щытыкІэр щрагъэфІэкІуащ.

● Ди куейхэм

Нэгъабэ жылагъуитІым сом зы мелуанрэ мин 600-рэ уасэ гъэ кІуапІэу километри 2,4-рэ щаукъуэдиящ. Лэскэм муниципальнэ районым хьмыз Ташлы-Тала, Уэрэдж кьуажэхэм сом мелуани 3,3-рэ зыхуэзэ фельдшер-акушер пунктхэр щатащ.

Апхуэдэу, кьужэдэс унэгъащІэрэ Іэщ Іагъэлъ щІалэу 204-м я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуащ. А Іуэхум хухахащ сом мелуани 136,6-м щІигъу. Программэм хэтхэм псэупІэу метр зэбгъуэнатІэ мин 18-м щІигъу яухуащ е кьащэхуащ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Республикэм и Унафэщ Іыр ислъэмейдэсхэм яІуощІэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен мазаем и 3-м щыІащ Бахъсэн районым хьихьИслъэмей къуажэм икІи нужьрей зэманым ислъам диныр тегъэщІапІэ ящІу щІэпхъаджащІэхэм ялэжь Іуэхугъуэхэм къежьапІэ яхуэхъур, абыхэм япэщІэтынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр зэхэгъэкІын мурадкІэ, жыІэдэсхэм яІуащІ.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ Абрэдж Іэдиб, министрхэр.

КЪУАЖЭ администрацэм и унафэщІ **Сыжажэ Аслъэн** зэІущІэр къыщыІэзІуихым къыхигъэщащ тхьэмахуитІ хуэдэ и пэкІэ республикэ Унафэщым Іислъэмейм и нэхъыжьыфІхэр иригъэблагъэу зэрахуэзар, нобэ къуажэдэсхэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэм абы щыгъуэми щыгъуазэ зэрызахуищІар. «Абы кьыпльыщІащ мы зэІущІэри, - жиІащ Сыжажэм, - дыщыгугъынщ ІыхьнатІэм мамыр псэукІэр щыхэзгъэубгъэкынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр убзыхуныкмкІэ ар щхьэпэ хъуну».

- Иджыблагъэ Правительствэм и Унэм фи куажэм и ІыкІуэхэр хэту щегъэкІуэкІа зэІущІэм сэ щыгъуазэ сыщащІащ нобэ жыІэм иІэ псэукІэр зыхуэдэм, щІыхуэхр нэхъ зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэм икІи къэкІуэнум фІы и лъэныкъуэкІэ зиужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм я гугъу тщІащ, - жиІащ **Къанокъуэ Арсен**. -Ислъэмей къуажэр республикэм щынэхь ин икІи зи ІыдэР жыжьэ къыщежьэ жыІэзэщхуэхэм ящыщІ. Сэ сощІэ, республикэм и адрей жылагъуэхэми хуэдэу, дэри зыхэтщІащ кризисым и Іэужьыхэр, ауэ етхьэжьа лэжьыгъэхэм кІэрыдгъэхуакъым, дефІакІуэрэ ипэкІэ докІуатэ.

Щыхуэ щэджащэ куэд къыщыхъуащ Бахъсэн районым, абыхэм зэфІэкІ ІыгъэкІэ зыгъэпІейтей республикэм и унафэщІ ІэнатІэхэм пэрытщ. Къэтщтэнщ экономикэм игъэт зыужьыныгъэхэри, инвестицІэ проект нэхъыфІхэр ящэу гъэзэщІэн щыщІадзар фи районырщ. Абы кьегъэлъагъуэ зэманым зыдрагъэкІуу псэукІэ тэмэм зэраухуэным ахэр зэрыхъущІкъур. Фи цІыхухэм сащыхуэзам сэ кьызэгурыІуащ жылэм щыщІэ щыгъуэ и мызакъуэу, республикэм нобэ къыщыхъуу Іуэхугъэ псоми ахэр зэригъэгумэщІыр. Нобэ псом хуэмыдэу дызыгъэгузавэр ислъам диныр я тегъэщІапІэу щІыналъэм щалэжь щІэпхъаджагъэхэрщ. Цыхуэ лажьэншэхэр зэрауКым псори дегъэгубжь. Дыгъуасэ ШэджэмщаукІа щІалэхэр сыткІэ абыхэм зэрекъуэнщІкІар?! Я ныбжькІэ ахэр щІалэщ, дэтхэнэми бынитІ-щы къащІэнащ. Апхуэдэ къэхъукъащІэхэр Іэпэдэгъэлэп тщІы хьунукъым, ди къарур зы тщІыуэ я бзаджащІэхэм дапэщІэтын хуейщ. Сэ псоныр сэ публическэм и унафэщІ кьалэныр си пщэ щыдэслъхьэжкІэ, щІыналъэм мамыр псэукІэр щытепщэу щытынымкІэ жэуап сохь. Сытым щыгъуэ ди лъэпкъыр зэрыуКыжу кьыщекІуэкІар? АтІэ нобэ дыдэзрыхуа щытыкІэ гугъум сыт и хэкІыпІэр, ди щІалэгъуалэр щІэпхъаджащІэ хьуным сыт хуэдэ щхьэхусыгъуэ иІэр, кьуаншэр дэнэ къыщытлъыхьэнур? Си гугъэщ абыхэм я жэуапхэри Іуэхур тэмэму зэрыщэфІэтхьынымкІэ щэнджэщхэри нобэ фи деж щызгъэкІынщ щІалэгъуалэм ІэнатІэ зэрамыгъэзгъэ, псэукІэ тэмэм ящхуэну Іэмалхэр зэрамылэр. Ауэ дызэвгъэпльэкІыжьыт, дэтхэнэ лъэхъэнэми езым и гугъуехьхэр иІэжщ, сытым дежи цІыхухэм зыхуей яІэу кьекІуэкІакъым, зэрыхъукІэ я псэукІэр зэрырагъэфІэкІуэным хущІэкъуурэ кьыхъуэгурыкІуащ армыхъмэ.

Унагъуэм гъэсэныгъэ тэмэм щрамыту пІэрэ? Девгъэгупсыс зэгъусэу Іуэху мыхъумыщІэм и гъабжьэр кьыщежьэм.

Хабзэхъумэ ІэнатІэхэри нобэ я кьалэным тэмэму пэлъэщыркъым, уеблэмэ я щхьэри яхуэхъумэжыркъым абыхэм. МыхъумыщІагъэ псомкІи ахэр тхуэгъэкъуэншэнукъым, а ІэнатІэр тэмэму зэтеубла щІэмыхьум и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ я улахуэр зэрымащІэр, пэжьакІуэхэм я нэхъыбэр я кьалэныр зыхуэдэм фІыуэ щыгъуазэу зэрыщымытыр. Къыгъэзэжьэкри, абыхэм я закъуэкІэ Іуэхур зэфІэха хьунукъым. Дэ иджыпсту зэхэтлъхьащ «Республикэ щынагъэнщэ», «Район щынагъэнщэ», «Къуажэ щынагъэнщэ» программэхэр икІи ди цІыхухэр мамыру псэун папщІэ мылъкуи кьаруи дебгъэжьнукъым.

Пащхьэ гуаэр дэтхэнэ зыми кьытлъэІэсынкІэ хьунущ, абы кьыхэкІыу зым адрейм зыщІигъэкъуапхъэщ, иджыпсту дызэрызуа щытыкІэ гугъум дыкъызэрикІыну. Иджыпсту ди кьалэн ІэнатІэхэщхьэ щІалэгъуалэм я кьарурэ гуащІэмрэ Іуэху щхьэпэхэм хуэунэтІынырщ, абыхэм щІэх-щІэхыуэр яхуэзэн, епсэлъыпІэн хуейщ. Псори кьыщежьэр унагъуэращи, ныбжьыщІэм абдеж фІэлІыкІ щиІэу кьэхъун хуейщ. Щапхъэу кьэсхьынщ Шэшэн Республикэрн, терроризмэм зэребэну абы Іэмал куэд кьыщагъэсэбэпащ. Апхуэдэу, цІыхур щІэпхъаджащІэ хьуамэ, ар я лъэпкъым зыхагъэхьэжыркъым, уеблэмэ кьуажэм кьыдагъэхьэжыркъым. Аращ абы ноб

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Республикэм и Унафэщ1ыр ислъэмейдэсхэм я1уоц1э

(К1эухыр. П1эщ1эдзэр 1-нэ нап.).

Ламп1эжьым къыхигъэщащ къуажэр псык1э гугъу зэрехыр, сабий сад зэрыхъэныкъуэр ик1и апхуэдэ 1уэхуэр зэф1э хынымк1э къадэ1эпыкъуну республикэ Унафэщым ельэ1уащ.

Къуажэ курыт школ №2-м и унафэщ1 **Быф Арсен** жи1ащ щ1ебл1эм гъэсэныгъэ, щ1эныгъэ тэмэм я1ыуэтын папщ1э его1уджакI1уэ хэм яхуэзф1эк1 къыз1эрамыгъанэр, л1эпкъ_хабзэр я1щ1у къэгъэхъунми сыхьэт б1ж1ыгъэхэр зэрыхуухахыр, ижь-ижьыж л1ыанд1эрэ адыгэхэм къадзгъуэгурык1уэ щыта зэ хэтык1э дахэжьм щагъэгъэзэн гъатыщ1э, зэщ1э г1ыхъ1ыгъэн ящ1 къыз1эрыз1эрагъэпэщ1ар. «Апхуэдизу щ1тми, дэри гукъеуэ зэр ди1эщ1 - шюлым и унащ1кэр куэд л1ыандэрэ зэхъуэк1ыпхъэщ, ди еджап1эм къе-гъэщ1ыпл1а хъэбл1эхэм щ1ыпсэу ц1ыкIуэр зэк1уэп1эн сабий сад ди1экIым, апхуэдизуэ ди е1гъэджак1уэхэм ясмуналнэ I1эхуэтхъэбзэжм щхъэк1э кьратын хуэй ахъшэр 2001 гъ л1ыандэрэ къа1эрыхъакъым, - жи1ащ Быфым. - А I1эхуэхэр зэф1эхынымк1э укъыддэ1эпыкъуамэ, ди гуапэт».

Къуажэм и ветеранхэм я Советым хэт **Елдар Хъэрэбий**ХЬР-м и Президентым гу л1ырит1атащ жыл1эм дзэ ныкъусаныгъэ псоми. Апхуэдэу абы къ1игъэл1эгъуащ къуажэм и щ1ыр къаззремэщ1эк1ыр, сымаджэщ зэрыхуэныкъуэр, мэждж1ыгыр зэгъэпэщ1жьн, къъэм ек1уал1э гъ1эгу я1ащ1ын зэрыхуэйр. «Жыл1эм дэс куэдым I1натI3 Я1эжьым, - жи1ащ Елдаровым, - къуажэм инми, мыбы дэт1кым I1эхуащ1ап1э гуэр, щ1ал1эгъуал1эм нэгъуэщ1 щ1ыпI1эхэм мы1ыку к1ыщагъуэгъ1ен хуей мэ хъурн, нэ хъыжьхэм я нэ1эм апхуэдизу щ1агъэтыжьыфыркъым. Зыхэпсэукъ1ын мы1ыку к1уаажэм зэримыл1эпщ1 ныкъусаныгъэ псоми я къежьап1эр. Жьыгъэм кьыдмыл1эщ1эм ц1ыкIуэ зэрыхуэныкъ1э зыщ1ал1экъуэ хуэмыщ1ал1эм, ауэ куэдрэ упсэфыну апхуэдизу?!»

Щ1ал1эгъуал1эр нэхъ зыгъэнл1ейтеп1э щ1ыпсэун гъ-л1ап1э зэрыхуэныкъуэрт, нэгъуэщ1 мы1ыуми, к1уаажэм щ1ы к1ап1э гуэр к1ыщ1ыхупачыныжм1э л1ы1ыу абыхэм Президентым зыхуагъэзащ.

КъБР-м и Щ1ал1эгъуал1э правительствэм хэт **Абазэ Б1ал1э** ислъэмейдэсхэр щ1игъэгъуэзащ нобэ ныбжьыщ1эхэм ятеухуауэ республикэм щ1ызэфл1агъэк1 I1эхуэхэм. Апхуэдизуэ ар тепсэлъыхьащ унагъуэщ1эхэр псэуп1эм я ныбжьыбрагъэпэщ программэр зэрыл1ажьэм. «Сыт хуэдэ I1эхуэри зэтепк1ытэщ тыншщ ик1и зэманыщхуэ тек1уадэрк1ым, - жи1ащ пщащэм, - ауэ ар зэтеухуэныщ к1ыхьл1ыхь хъурн къарушхуэ зыт1ек1ащэрп. Нобэ дэ псори дызэкъуэгъэу ди1эр тхъ1ымэн, ар едгъэф1эк1уэн хуейуэ арат». Ар и1эщ1ыпсэу абы дыт1ек1уэдэн1э шынагъуэ щ1ы1эщ.

- К1уаажэм и з1ыуэпщ псэк1эм теухуа программэ зэман гъ1ынэгъуэ зэхэт л1ыхъэнущ, - жи1ащ **Абрэдж I1эдиб.** - Псымк1э гугъу фы1эрехыр нэхъап1э-к1э Президентым и деж къыщыф1тати, абы и I1эхур зэф1этхащ. Сэ фы-кьоныгъэгугъ мы илъэсыр имык1ыу Щэнхабзэм и унэр лажьэу к1ыз1эуагъ-кьыжьну, унэ-гъап1эск1э щ1ал1эгъуал1эр к1ыз1эгъэп1эщыным и I1эхуми хэк1ыпI1э к1ыхъущхьэр щ1ыхуэзн и щ1ынагъуэнщагъэр къыз1эгъэп1эщынращи, абы хуэунэт1ауэ зэхалъхьа программэр мыгъ1эу республикэм и щ1ыпI1э псоми къыщагъэсзэф1ыпхъ. Зыгуэр къа-к1уэу ди I1эхуэр тхъэф1ихьнщ, жьиф1эу фыщ1ыск1э зэф1эк1ыфыхьэ, ик1и зэрыгъэгъуэгъ ящ1ыпхъ. Ар зэ1уэп1эщ п1эуэк1ым дытелъжьэн хуейщ.

- Нобэ фызыпл1эп1ыхьа I1эхуэ псори зэ1уэ з1эф1э ха зэрымыхъунур гурыI1эгъуэгу си гугъащ, - жи1ащ **Къанокъуэ Арсен**. - Абыхэм яхэтщ ик1I1ыпI1эк1э зэф1эхыпхъэхэр нэхъ нужь к1ыбгъанэ хъунур. Ди ф1ыжьм и зыужьныгъэм теухуа программэ щхъэхуэ зэхэпхъуаэ, абы ти1эту пэжьэн хуейуэ аращ. Къуажэм щ1ыщ к1ыльыкъущ1э хэм ях1эрыч1ыщ1эхэми хуэзф1эк1 ял1ажьыпхъэщ жьыл1эр еф1э-к1уэным хуэзнэт1ауэ. Мис абыхэм нэ хъыбгъэр фабгъ1адыхьэ, дэ щ1ж-щ1эхьуэр дызэхуэмызэфи, фи тхъэ-усыхафэхэр нэхъ псынщ1эу ди деж къагъэсыф1ынущ. Щ1ым теухуауэ нобэ псалъэмак1э куэд ик1уэк1, ар мы-хьэнэшхуэ зи1э I1эхуущ. Адрей щ1ыналъэхэм епльытрэ ц1ыху бжьыгъэм теухуауэ къащ1тэмэ, республикэм щ1ыуэ ин1эр мащ1эщ. Абы зэныкъуэкъу хьэхэмэ1ыкъ1э ирагъэк1уэк1, власт1ыр щ1ыуэ ин1эр мащ1эщ. Абы зэныкъуэкъу вольэ1у: фи бынхэр фхъумэ. Сэ сф1э-к1уэдащ си къуэ закъуэр, ауэ абдеж зыри къыщ1ыуы1акъым. Фи ф1эщ зэрыхъун - абы и ужьыр махуэ тхъэхъуну сщ1амэ, си къуэм и ґащ1эр иджырэ зэ щ1ез1этыфынт л1ыпкъым и мафыр псэукъ1эм.

Абы и псалъэхэм къыпыз1ыщ1 милицэм и л1эжьак1уэ **Мэршэн Морис** жи1ахэр. «Дэтхэнэми ажалыр кьыпт1эщ1ыльщ, - жи1ащ абы. - Сэ си щхъэрахьем сыщ1эшынэр, ат1э фи нэмыс нэхъ л1ьагэ ухъун, сыщ1эгузавэр си къуэ закъуэм и к1ыкъунэр зэрыхьуну. Ди хабзэр, нэмысыр ящ1ыщ1тэну зигу темыхуэхэм я зэранк1э ц1ыхуэхэр я ґащ1эм тешыныхьу щхьэ псэун хуей?! Сыт абыхэм дащ1ыпмы-л1ьащ1ыр, щхьэ я п1э тхуимыгъэувэжрэ? Сыт нобэрей сабийхэр пщ1эдейрэ махуэм к1ьапирапл1ър ямыщ1эу ях-хъунт щ1ыхуэрэ?».

- Фок1адзм и 20-м си къуэр л1эжьап1э к1уэуэ з1ащ1эщ1э гупым ярк1ащ, - жи1ащ **Мэзан Нурбий** - А л1ыуэк1эрэ унагъуэ к1ыщ1ыхуэащ, адэ-анэ я1эщ, езы-хэрэ яц1ыху. Абыхэм я гъэ к1уаэу я адэ-анэжм епсэ1ъэн хуейщ. Мыпхуэдэу ек1уэк1 хъунукъым, б1ащ1ащ1эжм щ1ыубда еханэ хъунукъым. Ар ящ1ыпсэ-ту абы дытек1уэдэн1э шынагъуэ щ1ы1эщ.

- К1уаажэм и з1эуэпщ псэк1эм теухуа программэ зэман гъ1ынэгъуэ зэхэт л1ыхъэнущ, - жи1ащ **Абрэдж I1эдиб.** - Псымк1э гугъу фы1эрехыр нэхъап1э-к1э Президентым и деж къыщыф1тати, абы и I1эхур зэф1этхащ. Сэ фы-кьоныгъэгугъ мы илъэсыр имык1ыу Щэнхабзэм и унэр лажьэу къыз1эуагъэкIыжну, унэ-гъап1эск1э щ1ал1эгъуал1эр къыз1эгъэп1эщыным и I1эхуми хэк1ыпI1э к1ыхъущхьэр щ1ыхуэзн и щ1ынагъуэнщагъэр къыз1эгъэп1эщынращи, абы хуэунэт1ауэ зэхалъхьа программэр мыгъ1эу республикэм и щ1ыпI1э псоми къыщагъэсзэф1ыпхъ. Зыгуэр къа-к1уэу ди I1эхуэр тхъэф1ихьнщ, жьиф1эу фыщ1ыск1э зэф1эк1ыфыхьэ, ик1и зэрыгъэгъуэгъ ящ1ыпхъ. Ар ямыщ1энщ, абыхэм гу ґъмытэнщ п1эжьмыщ. Къыз1эрыгъэ-гъэ1ыгъ, щ1эныгъэ, I1эщ1агъэ- зыф1ащ унэт1ыныгъэмк1э ет1ыанэ увыпI1эр къыхуагъэфэщащ Куба къуажэм дэт 1-нэ кУрыт школым и 10-нэ классыр щ1эщ1э Къанкъуэ Нурдин. Хьэт1эхъущ1ыкъуей жыл1эм дэт ещ1ан3 курыт е1джап1эм и 10-нэ классым щ1эс Къанщ1эуэ Назирр3 Исл3ме-й курыт школ №4-м и 8-нэ классым к1ыуэ Б1ардэ Мухьэмэдр3 зыхэта з3пеуэхэм 5-нэ увыпI1эхэр къыщ1ахьащ. Абыхэм я л1эжьыгъэхэр теухуат дыкъ1эзыухъуреихь дунейм з3ранышхуэ хуэхъу пхъэнк1ийм, пхъэщ1ъэмышц1ъэр зышх хьэпI1ащ1эхэм уаэзрипэщ1этыну, ижь-ф1ьандэрэ ди л1ьапI1эм къыщ3гъэгурык1уэ I3мал хьэлэмэт-хэм.

Ныб1ыжьщ1э з3чифI1эхэр хэтащ гуманитарнэ дерсхэмк1э ек1уэк1э з3пеуэхэмэ. Ди республикэм и щ1ыхьэр зыхъуме адекIуэхэм гуп з3пеуэм ятеухуауэ ящ1ыпI1эр кьыщ1ахьащ ик1и ахэр ирагъэб1ягъащ къыщ1ыпхъ. Ар щ1эбущэхуэн щ1ы-ю1тер технологиемк1э ирагъэк1уэк1ыну 9-нэ Урысейпсо тхъэмахуэм. Щ1ык1уэм щэч к1ыгтрахьэрэ зыхуэ1ыпI1эр 3мал хьэлэмэт-хэм.

Нык

Іуащхьэмахуэ и мыл уанэр щыму дунейм къыхоплъэ

Кавказым и дахагъэм, абы щыпсэухэм я дуней тетыкІэм, хабзэхэмрэ нэмысымрэ дуней псор, зымн хуэмыдэжу урыс усакІуэхэр, дихьэх зэпыту къоГуэгурыкІуэ. А усакІуэхэр я Іуэху еплыкІэкІэ, я тхэкІэкІэ зэтемыхуэ защІэми, псори зы - Кавказ къуршхэм пльэмыкІыу уэзрызыІэпашэмрэ абыхэм сатыр телъыджэхэр гум къызэрыщагъэщІымкІэ - зэакъылэгъут. Урыс усакІуэ нэхъыфІхэм ди щІынальэм тратхыхьар куэдыкІейщ. Абыхэм ящыщ машІэ тІэкІущ нобэ адыгэбзэкІэ зэдзэкІауэ фи пащхьэ итлъхьэр. Ауэ а машІэми дегъэлъагъуж зэманыр сыт хуэдизу хьэлъэу, гугъуу, зэхэзэрыхьауэ щытами, дахагъэмрэ цІыхугъэмрэ абы щыгъуи тепщэныгъэр яІыгъыфу зэрыщытар.

Полежаев Александр Иван и къуэр


(1804 - 1838)

урыс усакІуэ нэхъ пажэхэм ящыщщ. Урыс пащтыхьыр ауан ищІу 1825 гъэм итха «Сашка» поэмэм щхьэжІэ тезыру къытралъхьэри урысыдзэм сэлэту хагъэхьауэ щытащ, Кавказым щызэуахэм яхэтащ. И Іэдакъэщ1экІ декабристхэм я усыгъэм пэджэжу щытащ.

ПСЫЖЬ ПСЫХЪУЭ И ЖЭЩЫР

Кавказ къуршыжьым
Къежэха акъужьыр,
Къ уршыпсым и топъкъунхэр дэуфафэу,
Кьытольадэр Псыжь и псыхьуэ тафэм.
Пшагъуэми и цыхьар пІащІэм,
Кьыр щыгур кІуэцІешыхьыр,
ХуэмыпІащІэу.
Псым и щхьэфэ джафэр игъэцІыплъу,
Псыхьуэм дэгъуэлъхьащ
Пщыхьэщхьэ пшэплъыр.
Я жей хьарпшэрым хильэфэжу,
Дунейм хуэм-хуэму псори
щоужьыхьыжыр...

* * *

Пщыхьэщхьэ уэмым жей кьытригъауэм
Іэпкъльэпкъ ешар тІэкІу игъэтыншу,
ПщыхьэпІэ нэхум гу хуищІауэ,
Мэпсэхур кьуажэдэс кьаугъэншэр.

Мэжей ар хэсу и унагъуэм,
Псыжу и унэжь-и абгъуэм,
И лъахэм хуиІэ лъагъунытгъэм
Имыгъужьыхьыу эзи гугъэр.

Гугъэ-щІэнымкІ игъэнасыпыфІэ у,
Щельагъур куэдрэ и пщыхьэпІэ Іэфым:
Уэсыльэ къуршхэр, адэжь хьэсэр,
Бынычфі э кьыхуэхьуа щхьэгъуэсэр.
Гугъэфіхэм тралъхьащи нэм щыІуху,
ГъащІэм натІэ кьыхуищІар фІамыгъэІу эжу.

Зыхрагьэхкьым, гущІэм зыдигъаззу
Кхъэ мащэжьым кьыщІэІукІ лъэІу-гызыр!
А лъэІум джэрпэджэж дэгуу
Кьыпфіощі пэджэжу зэми и гур.

Арщхьэкіэ зыухар уахьтыр,
Хуеижкъым зыми и хьэтыр!

* * *

КІапсэльэрышэу
ЩхьэщысыкІыу къуршым,
ЖЭщым кьыхохужьыкІ пшэ зэщІэтхъуар,
Мазэщі э ныкъуэри хуэфагъуэу,
Гъэща нэхьей, пшэ щІагъым щІэбжьэкъуащ.
А псори Псыжь и толъкъун гъуахъуэм
Кьытегъуэлъхьащ гухэщІ щхьэтепхъуэу...
Жэщ кьэрэгъулу щыт кьэзакьыр
Едаіуэу псым и хьущІэ макьым,
Толъкъунэм и нэр т елпъызауэ
Здэщытым, кьигъэІэбжьырт зэуэ
Бий къэблэгъам и шы лъэмакьым,
КьиутІыпщмэ фочым ажалышэр,
Іэщіхьыр т псэр Іэубыдыпіэншэу.
Е ехьэ-ехуэу псы толъкъуным,
Кьатеэзрыгуэм шу гуэрэныр,
Псыжь и т опъкъунхэр игъэгъуаплъэу,
Псы куур, зэхищІэрт кьэзакьылым.
Иджы щІыІэжкьым а шынагъуэр,
Щихьымэжакіэщ зэман пшагъуэм.
Фочышэу псэхэр эыгъэдиір
Зззэмыззэххэщ кьыщыфийр.

Псыжь Іуфэр ноби къаубыхь
Зэманым и щэху нэщхъеі Іэджэм.
ЗахуищІу щэхухэм щхьэузыхь,
Щехьэмэр ахэр Псыжь и ныджэм...

* * *

Жэщыбгыр тыншу хобэукІыр
Къурш задэм къежэха акъужьым.
Жейм хильэфакІэщ псори. Ауэ
Кьысщокъ у, абы сэ сибгынауэ
ИкІи кьысфощІыр пщІэнэщрыджэу
А жейр кьраджэу си нэ джыджхэм.
Щхьэхуитыныгъэ дзрэжэгъуэр
УимыІэжьным хэль шынагъуэр
Кьэсщіакіэ зэрыабрагъуэр?..

* * *

ЩІалэгъуэм слъагъуГъам пщІыхьэпІэу,
ИмыІэжьыххэу кьзгъэзапІэ,
ЩІихьымэжкауэ зэман гъуэзым
Ара си гущІэр зыгъэгызыр?..

1832 гъэ

ТЕНДЖЫЗ

Слъэгъуащ сэ тенджызыр,
Нэпсеинэкіэ кьэспщащ и кууагъыр;
Щызгъэнэхуащ и Іуфэм зыхуэдизыр
Си псэм кьыкъуэкІынур лІыгъэу.
«Тенджыз! Тенджыз! -
нэщхъейуэ сыгупсысэу
Уи Іуфэм сыщыІутым сыщІэхьу эпсырт
Кьэсщіэну хэтми ятэ дыдэу
Теувэу мы уи Іуфэ задэм
Зи нэр теплъызам псы щхьэфэ джафэм,
ЩІэкІар зи нэгум уи борэныр,
Сабийуэ зэрыджэгур уи толъкъуныр.
Ахэр зи лъахэу щыта лъэпкьхэр
Бзэкауэра зэкІэлъхьэужьу,
Дэ дымыщІэж я тхыдэ щыпкъэр
Кьытхуагъэнэжу хьыбарыжьу?
.....
.....

Си щыгукІэ кьысхуеплъых мы бгыжьхэм
Куэд щІауэ уэ ущІэль я лъабжьэм?
Е, еру гуэрым игу темыхуэу
Іэуэльауэнщэ псэ гъэпхэр,
Лажьэншэ псыр игъэкьиину
Уи лъаэм кьриша борэныр?
Уэт уэ? Уи кьежьапІэр дэнэ?
Уи кьуэпсыр сыт кьызыхэкІар?
Щхьэжуитыныгъэм и нэщэнэу,
Щымыіэ гуэрым укьыхащыкІа?
Аршхьэкіэ уи дахагъэ псыІэр,
ГъащІэшхэ уэ щым щрамыгъэІэу,
Хальэфэжа дуней архьуанэм?»
Нэщхьейуэ хэпльэхункІэ уи псым
Аращ псэр щэхуу зэгупсысыр.
Дахагъ т елъыджэу абрагъуэм
И зэ Іупльэгъуэм дэрэжэгъуэу
Кьызитыр щІэнэщи тенджызэ у,
Псэр егъэбауэ хуитрэ щызу!..
Зыхуэзгъэзащ тенджызым мыззэу,
Дыгъэм и бзийм толъкъунхэр яуэ,
Псы щхьэфэр ягъэщхуэжкІэпльыкІэу,
Дыщэпскіэ ныджэр тралыкІыу
Псэр щагъэбауэм дежи тыншыгъуэу.
Псы щІыІум текъуэха толъкъуным
Пежьауэ борэн кьэхьеинум,
Щытеткіэ джэгуу кхъуафэжьейр
Уеплъыныр насыП псом я лейщ.
Абы ущеплькІэ уи насыпьм
И псыпэу а толъкъун гуащІафІэм
Кьыпхуихьыр пщІэжрэ, насыпыфІэ?
Пльэт, бзэхьжакІэщ кхъуафэжьейр,-
И лІыгъэр кьепщыжа нэхьей...
СощІэжьыр нэгъуэщІ зэман гуэр
Си хэку сисыжу Баптей Іуфэ
СыІутт сыщІалэу, си делэгъуэу,
Сеплъу толъкъунхэр зэрыгъуагъуэм,
Гур кхъуафэжьейуэ хэст хъуэпсэгъуэм,
Хьуэпсапіэр кьызыпхыпсырт пшагъуэм,
Иубзыхуу хым сызышэн лъагъуэ.
Сежьащ, абы сытету сесу,
Сехьыр нобэм къэсыху тенджызым.

Тенджыз! Уи Іуфэр дэнэ дей?!
Кьысхуэмыльагъуу, сосри-сос.
Толькъуным ишха кхъуафэ жьей
Нэхьей, сыпхьыну лъащІэм нэс?

ПСЫКЪЕЛЪЭ

Кьыр блын задэ зэхуакухэм
Псы цІыкІухэр щодыкъэшхыр ушэу,
Кьыщэрохьэххэр джабэ нэкІуэхэм,
Зэхэльэдэжхэу зы Іэ хъушэу.
Толъкъунхэм я тхуэ кьыдэкІауэ,
Псыр кьрахухьр лъэпэрапэу,
Псы ткІуэпсхэр нартыхУ гъэпІэнкІауэ
Кьыізэрольэлъыр пшынэ Іэпэу.
Мэкъуэгъ, мэгъуахьуэ кІыхьрэ ину
Кьыр задэм псы зэкІэщІипхъар,
ТхьэкІумэІупсыр Іунудыну
КьыпфІэщІу бгыр кьыпхритхъау.
А макъыр Іуокіри жьыжъэу аддэ,
Дэгу хьужъурэ щыщІоужьыхьэж!
ЩІалэгъуэ пасэрщ ар зэщхь дыдэр -
ИкІам, имыІэу къэгъэзэж!
Мис, мы псыкьелъэм ещхьыркъабзэу
ИкІащи си щІалэгъуэр псынщІэу,
Сыщыгугъыжьыркъым кьигъазэу,
Кьыхьыхьэжьыну ар си гъащІэм.
Уи макъыр ину гъэІу, псыкьелъэ,
Дуней щхьэхуитым и бын пажэ!
ГуфІэгъуэм игъэжану уи льэр,
Щхьэхуиту мывэ блыным кьелъэ!
УсакІуэм, еплъмэ уи джэгукІэм,
КьокІыжри игу блэкІа щІалэгъуэр,
Нэщхьейуэ и псэр кьыфІогъыкІыр,
КьэкІуэж зимыІэм кІэльыщыгъуэу!

1832 гъэ

Тепляков Виктор Григорий и къуэр


(1804 - 1842)

урыс усакІуэщ. ЩІэныгъэфІ бгъэдэльт, нэмыцэбзэмэ урысыбзэмэ хуту ирипсальэрт, арифметикэм, геометрпЕм, географием фІыуэ хищыкІырт. Пасэу дзэм хьыхьэри, и кьулыкъукІэ хьарзынэу дэкІуэтейуи хуежьат. Арщхьэкіэ, и узыншагъэр щІагъуэтэкъым, дзэм кьыхокІыжри Бытырбыку макІуэ. Абы, декабристхэм яхэтауэ щэч кьыхуащІри, щагъэтІысКІи мазиякІэ лъэхъуэщым щалыгъ. Тепляков пасэу тхэн щІидзат икІи тхылъэ куэд и кьалэмыпэм кьыщІэкІащ, атІэми езыр псэууэ дунейм кьытехьар уэсэ тхъльпатІ кьудейщ. Дунейр кьызэхкІухьынц куэд зригъэльагъуну хущІэкъуусакІуэр щыпІэ куэдым щыІащ. Псом хуэмыдэжу ар зыІэпашэрт кьуэкІыпІэ щынальэхэм я дахагъым, абыхэм щыпсэухэм я дуней тетыкІэм. И зекІуэхэм и нэгу щыщІэкІахэмрэ ахэр кьыззрыщыхьумрэ и усэхэм, дневникхэм кьыщІиуэтэжащ.

КАВКАЗ

Римский-Корсаков деж

Мывэ кьырыжьхэм я щхьэщыгур,
Кьыр лъабжьэхэм я псынэ кьабзэр,
Тафэм дыгъэ щыпэзаэзр,
Хущыгъуу уи псэм и щэху дахэр
Щысхуиіуэтауэ щыта лъахэр
Зэгуэр ихункІи хьуну си гум!..

Пушкин.

Абрэмывэу жа иныжьхэр
Къэрэгъул бжьыбу кьахухьа нэхьей,
Я лъаэм ситщ уэсыльэ бгыжьхэм,
ПыІэр сщхьэрохур, садэпльейм.
ЕгъэщІэращІэр хэт чыцэ фІыщІафэм,
Жыгъыцкіэ щхьэантІэу хэдыкІащ адрейр.
Пшэ хужь Іэрамэхэр уфафэу
Кьыр щыгухэм хуэмурэ допщей.
КьуэлэпщІэлэнрэ алэрыбгъуэ
КІуэцІышыхьащ удзыпцІэм джабэр,
Бгы куэщІым кьокьуэлъыскІри хуабэу,
Псыр кьыкІэщІекІэ Іуащхьэ жьэгъуэм.
Псыутхьим дыжьыныпсыр зэбгрепхьыр,
Кьыр задэ льащІэм зыхуигъэщхьыу,
ЩыхупІэхэм темыпльэкъукІыу,
Кьэрэгъул щІыкІэу тольэтыкІыр.
Псы щхьэантІэ щІыкІури нэшэкъашэу,
И мывэ Іуфэхэм щоуІэр.
Хэт и сэлэт мы иныжь гупу
Чэщанэ льагэхэр зыхьумэр?
Кьырыщхьэ дзахьэхэм я Іупэр
Пшэ пІащІэм сакьыу щІагъэбжьахьуэ.
Пшэ шылэкъар ящыгъщи фащэ у,
Иныжькъэм йокІу хуумыгъэфащэ у,
Бещто нэщхьыцэу, ещхьу дзэпщым,
Кьахоплъэ, жьыбгъэкІэ кьахэпщэу,
Кьрильэфхрэ зэм пшэ кьуацэр,
Абы хигъапщкІуэу и нэщхьыцэр.
ЩхьитХу пащтыхьыжьыр
кьитщ си пащхьэм,
Пшэ Іувкіэ щІихьумауэ и щхьэр.
Парнас кьигъэІу и пшынальэщІэр
Ара гу кьуэпсхэм схуэзпащІэу!
ЦІыхухэ! СыщыІэмэ Кавказым,
Сылъагэщ, фыкьыысдъэмыІэсу!
СыщІэсмэ Бещто и бгъуэщІым,
Сисщи дунейм и анэ куэщІым,
ЛІэщІыгъуэ кІуахэм я уэрэзрым
Гупсысэ куэд схуагъэ хьарпшэрыр.
ЖыІэжьт, бгыхэм я тхьэмадэ,
Хэт Прометей Іэпхльэпх зыщІар?..
ЦІыху цІыкІум щхьэ гупыж ищІам
Гъэр щІэхьукІыжу, и т езырыр
ПсэкІэ бэуэхукІэ хуэхьэзыру?
ЩІэмыльэІужуи гущІэгъ у,
Захуагъэм щхьэ ищІат ар егъу?..
Фыплъэт кьуэкІыпІэмкІэ - мес, пшэхэм
БдзапщІэшэм хуэдэу зыІэхуащэ,
Зэхэшыпсыхьжри топышэу,
Кьежьахэу. Кьахьыр ажалышэр...
Абы я щыбым кьыдэт псэхэм
ГущІэгъу льэІу гуэри зжамыхьу,
Кьаху пшэ фІыщІэжьхэр, ажал узыр
Кьыщхьэщхьэну мы Кавказым!
Сольагъур кьалэхэр щхьэкІэплъыкІэу,
Уэс сытхъу пІыщІахэм зэщІалыкІыу,
Сфинкс шу сатыркэр льэрыщІыкІыу,
Кьыізэрохьэжьэ пІыгуфІыкІыу,
Тхьэжэм ягъэкІа я жэнэт хадэм
Жыг щхьэкІэхэр хельащІэ уафэ льащІэм!

Іуащхьэмахуи и мыл уанэр тельщ шы тхъуам,
Кьыхоплъэ щыму дуней къэутхъуам!
Хьэзырщ, зым хуимыгъэщхьыу
и щыгу щхьитІыр,
Фэм дигъэхуэну кьритхар и натІэм!
Дунейр зи ныбжь Іуащхьэжь Іумахуэ!
Хым и тольэкъуэ уи кьыппэльэщакъым.
Кьыщогъэжьауэ пасэ зэманыжьым
Дунейм кьыхоплъэ пагэу
уи щхьэгу хужьыр.
Нухь и кхъухьми яп э щыкІэ увыІэпІэ[1]
Уэрауэ ищІыгъар еІуатэр хьыбарыжьым.
Тхьэжэми кьыпщыуэрэн я нэфІ,
Уи щхьэщыгур ящІыгъащ тІысыпІэ.
ПІльэгъуащ уэ щыгум щхьэщыкІа борэныр,
И жьапщэм кьыгъэутхъуэу дуней псор.
ЩІэ фІыщІэр зауэхэм хураджэу,
Зэхэпхт ожьамиІхэр зэрагъаджэр.
Кьару мыкІуэщІкІэ ажалышэ
Фижжхэр щІым щызэбгращу.
Ужьыхыжащ борэнри зэгуэрым,
Пшэ фІыщІэр жьыбгъэм зэбгрихужащ.
Щхьэр кьамыІэту щІым кьытена щІыхум
Хуоплъыхьыр зигъэпагэу уи щхьэгуху!
Ибоджэ ебгъэхъуапсэу ар уи щыгум,
Укьоджэ тебгъэхьэну уи мыл джабэм.
Щыблатхъэ уафэхъуэпскІыр зэрагъаджэм
ЩыбогъэдэІур махуэ кьэскІэ щІыгур.
Тафэ уфа лъжь уэщ хуэлар
ЕбгъэпщэфынкІэ хуэкІуэ кьуршэм!
Бгыхэм, кьуатыжу гукъыдэж,
Ущагъэ дэІу кьуршыпс уэршэрхэм!
Мывэ блын пщІанэхэм я теплъэр
КьыхоныбжьыкІ ищыкІэщхьэ пшэплым.
Ауэ зэвхэм я кьэгъэшыпІэхэм
Сыдэтыгъащ сыдгъэгуэщхьэу,
Сльагъу псори си пщІыхьэпІэхэм
ЩысльагъУ тельыджэхэм езгъэщхьу!
Пасэрей лІыфІэхэр бгыщхьэ уэсым
Кьыщыізэхуэсырти зэгъуэсу,
Кьеплъыхьхэу, загъэпагэу тафэм
ШрагъэкІуэкІырт санэхуафэр!
ЩыІэжкъым лІыфІхэм я лъэужьыр,
Зэманым ихьыжащ я ныбжьыр.
Ауэ ящкъыри дыгъэ гъуэплъым
Кьыпхуегъэльыдыр уи пшэкІэплъыр.
Хуабэщ уи гъатхэр, зэрихабзэу,
Акъужьыр ноби зэрыкъабзэщ!
ЩыІщ хъуреягъыр. Зззмызз
ЖьыбгъэР удэ тхЬэмпэхэм еубзэу
ЩигъэІукІэ хуэмурэ и щхьэщхьыр,
Ар щІехъуэмэжьыр мывэ дзакІэу
Бгым кьыігуэхуауэ дэхуэм кьуакІэм.

[1] Бгырыысхэм зэраІуэт зжымкІэ, Нухь и кхъухьыр япэ щыкІэ Іуащхьэмахуэ деж кьыщыуВыІэри, итІанэ Арарат кІэ иунэтІащ.

Пастернак Борис Леонид и къуэр


(1890 - 1960)

совет, урыс усакІу э цІэрыІуэу щытащ, уси прозэ итхырт. Урыс литературэм и хэльхьэныгъэшхуэ хьуахэщ «Сестра моя - жизнь» (1922), «Второе рождение» (1932), нэгъуэщІ усэ тхылъхэри, тхыдэм теухуа поэмэхэу «Шпбгъурэ тху гъэр» (1925 - 26), «Лейтенант Шмидт» (1926 - 27) зыхуиІэхэр. Къэралым щекІуэкІа революцэм езыр зэрепльэ щыкІэр кьыщыгъэльэгъуэжа «Доктор Живаго» романыр 1957 гъэм нэгъуэщІ къэрал къыщыдагъэкІауэ щытащ. А романым папщІэ 1958 гъэм Нобель и саугъэтыр кьыхуагъэфэщат, ауэ Пастернак ар кьаІихакъым.

* * *

Абы уэ фІэщ узыхуей дыдэр,
ЗыщитІэгъамэ фащэр мэзым,
УзыІэпишэу тхьэІуху,
ПльэмыкІыу уи нэр пфІытоплъыз э.

Аракъым щІэзу хьэкІэхъуэкІэр,
И кьуеингъэмкІэ уихьэху,
Кьыр пщІанэхэм я зэхэтыкІэм
Тепьыдж э гуэр щахьумэ щэху.

Езым кьытхуеІуэтэжыр кьырым
Ди псэр зыубыдыр ещхьу гъэрым,
ЛІэщІыгъуэ жьыжьэхэм кьэхъуахэр
Кьуршхэм яхьумэ зэІэпахьу.

* * *

Кьоблагъэ пшапэ зэхэуэгъуэр,
ЗэщІеблэ пшэплъым дей гуэрэныр,
Теплъэ телъыджэр игъэщІагъуэу,
Тенащи, кьытх утеккъым ди нэр.

ЩыхупІэ нэхэм задигъазэу,
Кьырхэм щІэбжьахьуэу зззэмызэ,
Докі джабэ задэм чыцэ мэзыр.
Пшэ пІащІэр кьыщхьэщыпльу гъуэз у.

Жыгыуым и абгъуэ гъуапльафэр
ЗыфІэльъ жыгымкІэ пльэуэ нэщхьыцэ у,
Акъужь щІыІэр игъэтхытхыу щыІэр
Бгым допщ, жыг щхьэкІэжэр игъэубзэщу.

Блэуэ къопщыхыр гъуэгур къуршым,
ЗыщІегъэпсэхури дей цІыкІу льабжьэм,
Йожьэж арту эрУ нэшэкъашэу,
Кьыщнэу тафэм и льэужьыр.

Джабэ дэкІыпІи, бгы ехьпІи,
Жыг кьэс кьыщІагъэхьжьыр нэгум,
Зауэжь блэкІахэм я Іэпапіэр
ЩхьэхынэУ кьришэкІыу выгум.

Жьыжьэу уэгу льащІэм благъуэ джэдыкІэ
Нэхьей щыхьауэ щІэльщ пшэ хужьхэр,
Кьыпхуэмыльльагъуу дзэм и пакІэр,
КІапсэльэрышэщ нэгъуей ныбжьхэр.

Псэ хьэдэждэхэм я бэну
Дыгъэм полыд мылылъэ блыныр.
Уэсукхъуэ пшэхэм я щыбагъым
Кьыпщохьр Прометей кьыщыгъыу.

Зэгуэр дунейм ехьжа псэхэм
Я гъуджэ хуэдэщ мыл гьэжар,
А псэхэм я щІэхэр псэхэхым
Япон шакъэкІэ итхыжащ.

ЩыхупІэ нэпкым дыщхьэщыту
Пщыхьэщхьэм дыщепльыхым льащІэм,
ТльэгъуащІ дэ, бгыжь эзхуакухэм дэту,
Тифлис хьыринэ зэрыщещІэр.

Нэм кьыпльыхь псом уагъэхьэщыкъыу,
Кьыпщыхьуу зэми нэкъыфІэщІ,
Зэм-зэми кьытфІэщыжьыгт хьэкъыу,
Мы псори ди дунейм щымыщ.

А лъахэм щызэтеувыІауэ,
ЩыІэу имыкІыж зэман,
Мыр нубыдым мурад ищІауэ,
Ноби щызауэу Темырлан.

Пщыхьэщхьэ пшэплъым и тхьэгъуэшым
Ар тафэ хуитым кьришауэ,
Кьэжэр зауэлІхэм я шабзэщэ
Ушх кьещэщэкым кьыхишауэ.

Хлебников Велимир (Виктор) Владимир и къуэр


(1885 - 1922)

урыс поэзием лъэужьыщхьэ кьыхэзыхащ, усыгъэм и футуризм унэтІыныгъэм тету нэхь цІэрыІуэхэм ящыщт.

* * *

Мэщыкъуэ щакІуэхьэм
ещхьыр ныщхьбэ,
Хужьыбзэрэ Іэпапіэ
плъыжьхэр
Кьытелыдыкіыу и уэс джабэм,
МафІэгуэхэр щызэблож и лъабжьэм.

Зы бзу пІыщІа, кьиплъыхьуэу хуабэ,
ЗиІэтри лъэтащ Псыхуабэ,
Къэгуэбжьныым нэр кьыхуикІыу,
Бгыщхьэ пІыщІамкІи кьемыплъэкІыу,
И дамжэр щІиупскІэу х уэму,
МафІэгу Іэуэльауэм пхольэтыкІыр.

Мыдкіэ Мэшыкъуэ и куэщІым щыму
Бжьыхьэм щызэщІекъуэжьр и Іэрыкіхэр.

Бзум кьегъэззэжьр нэщхъеяуэ,
Дамэ гуэлэхэри дияуэ,
Иригъуэтэкъым хуабэ щІыхухэм я гум,
Нэхь хуабэщ куэдкІэ Мэшыкъуэ
Іуащхьэ щыгур.

Залымщ цІыхупсэр,
фочым иутІыпщ ажалышэу,
ИщІакъым бзум
апхуэдэу ах эр гущІэгъуншэу,
ЗыхуэфІыр эыщ - ящэ-кьащэхужу
Бззэр тетынырщ, кьызэрыгъэпщІэжу.

Зззыдзэкіар УЭРЭЗЕЙ Афликщ.




Сурэтхэр Петиков Игорь *трихащ.*

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

●Псалъэжьхэр

Шыгъу зышхыр псы йофэж

♦Уэсыр хужь дахэ щхьэкIэ цIыхухэр тоувэ.
Къэршей.
♦Шыгъу зышхыр псы йофэж.
Лак.
♦ЦIыху псори зы уафэ щIагъым щопсэу.
Осетин.
♦ЦIыхум махуэ къэс псалъэщIэ зэхимыхмэ, дгъэ хъунущ.
Тат.

Сосрыкъуэ Бэдэху къызэришар

●Еджакlуэхэм папщlэ

ХЭТХЭР:

Бэдэху. Нарт пщащэщ, и дахагъкIэ Нарт Хэкум щыIэрыIуэщ, и адэ Джылахьстэн ипхыу гъэфIащ. Абы щхьэкIэ нартэм «Махуэм дыгъэщ, жэщым мазэщ», - жаIэ. Езы Джылахьстэни абы ирогушхуэ.

Сэтэнеи Нартхэ я гуащэмэ, Бэдэху Нартхэ я пщащэ гъэфIэнэщ. Ауэ а тIыр я тепльэкIи, я фащэкIи, я зыщыкIэкIи, я псэльэкIэкIи зэрызэмыщхьыр къэгъэльэгъуэн хуеищ...

Джылахьстэн. Бэдэху и адэщ, лIы бладпIэдэсэщ. Зекlуэныр и нэрыгъыщхьым, Сосрыкъ-уэрэ Бэдэнокъуэрэ зэрэ хуэдэу.

Сосрыкъуэ.

Къуийцыкlу. Бжэныхьуэщ, зекlуэпI фащэкIэ хуэпакъым. Абы щыгъыр Iэхъуэ щыгъынщ, баш иныгщ, упщIэ пыIэ щхьэрыгъщ, хьуржьын пщIэхъпщ.

Бэдэнокъуэ Сосрыкъуэ нэхърэ нэхъ зэIэщIэльщ ирIи нэхъ лъагэщ.

Лъпщ. ГъукIэ фащэ щыгъщ.

(Сценэм гъатхэ теплъэ иIэщ, тафэр щхъ уанIэфэщ, уафэху-щхьуфэщ, кьабзэщ. Къуийцыкlу Iуащхьэ мылъагъм тесщ, и сыринэм макъамэ гурыхь кьрегъэкIри. Шы лъэмакъ щызэхихкIэ, и сыринэ епщэныр зэпетъэури, зеплъыкъ: «Мыр зи шы лъэмакъыр Тхъуэжьейщ, - жеIэ. Маплъэри, Сосрыкъуэ кьыхуэхIуэу щиплъагъукIэ, къэтэдж).

Джылахьстэн: Уи шы лъэмакъымкIэ укъэсцIыхуащ.

Сосрыкъуэ: МафIохуэ апщий!

Къуийбэкlу: МафIэбэ апщий, Сосрыкъуэ!

Сосрыкъуэ: Гъуэгущхьэм ут есщ, хьыбарщIэр уи деж щызэблокI. Сыт хьыбар кьызжепIэфын?

Къуийцыкlу. СызэхыумыщIэми, хьыбар сымыщIэу сыщыткъым. Уэри укъыщIекIыр сощIэ, Сосрыкъуэ. Ауэ укъыкIэрыхуащ. Уи япэкIэ мы гъуэгужьымкIэ нартэм зыщ ныр куэд блэкIащ. Псоми я гъэзапIэр зыщ. Псори Джылахьстэн и шы фIэдзапIэм хуопIащIэ...

Сосрыкъуэ: Ирагъ, сыкъыкIэрыхуаеуэ пIэрэ?

Къуийцыкlу: Кьаиж и кIуэ Щ1уеIр зы тхъэмахуэ мэхъу зэрелъхъуэрэ, Хьымыщ и кIуэ Батэрэзэи епсынщIэкIыу ехащ, Бэдэнокъуи Джылахьстэн и деж кьыщогувэ, Арыкъшуи еущэхащ Бэдэху дахэр кьыулыдсын и гуГъэу...

Сосрыкъуэ: Кьэнар сэращ.

Къуийцыкlу: НэгъуэщI нарт щауэ зыбжанэ зэдгъащ, Бэдэху и псэльыхъуэ...

Сосрыкъуэ: ЗэрэрыкIипIэмкIэ, Iуэхур пыIэзэфIэхыщ.

Къуийцыкlу: Си бжэнращ здэсхьын сымыщIэр, армыхьмэ сэри Джылахьстэн сыхуеблэгъэнт. Езы Бэдэху кьыслымысми, зимыхьуми, и нэкIу зэ сиплъэнтэкъэ!

Сосрыкъуэ:*(дыхьэзэхуэри)*: Бэдэху кьыпплъсынуми пщIэркъыми? Ауэ, зегъэхьыл зэ епIа!

Къуийцыкlу: Хьэуэ, Сосрыкъуэ, зэрыжаIэмкIэ, а Бэдэху нарт щауэхэр пэтрэ зэрипэсырыкъым. Бжэныхьуэр абы зэрипэсын? ПщIэншэрыкIыуэ сыкIуэуи си бжэныхьуэ напэр тесхьыкIи?

Сосрыкъуэ; Захуагъэщ.

Къуийцыкlу. Сэ мы гъуэгужьым махуэ кьэс сытесщи, солъагъу: нарт щауэхэр гуфIэжу, сэ зыкъысIэхуагъэхыу блокI, Джылахьстэн ипхъу Бэдэху хуэпIащIж зу...

Сосрыкъуэ: ХущIокъэхэр.

Къуийцыкlу: ... ауэ ахэр щызблэжьыжкIэ, сэ захуэгъэгъжьыж...

Сосрыкъуэ: Яхуэфащэщ.

Къуийцыкlу: ...сыт щхьэжьэ жыпIэмэ, Бэдэху кьалъымыс нэужь, я щхьэр фIэхуауэ, зытес щыхэри епэзэзэхыу докIуеижь. Бэдэху лъыхъуну, щехкIэ, лъэхъульэщу йоущхъ, кьыщыдэжIыеижкIэ я лъэ зэблахьфIкъудейщ.

Сосрыкъуэ: Уакlэлъпплъар пщIыкъым.

Къуийцыкlу: А еущэх нартхэм яхэтщ Джылахьстэн и чэщанэ куэбжэм Iуль абрэмывэр зыхуIуамыхыххи, чэщанэм дамыгъэхьэхи, хьэщIащым ирамыгъэблагъэу кьыдагъэжIыжи, Бэдэху Iуамыгъапльэу кьрагъэжьэжи...

Сосрыкъуэ: А жьыхуэпIэ тегушхуэзыгъэфIекъым.

Къуийцыкlу : Ирамыгъэблагъэу кьыдахужаи щыIэщ.

Сосрыкъуэ: Апхуэди щы?!

Къуийцыкlу: Ахэр кьыщыIэблэжьыжкIэ, эзIуплъэгъуэкIэ кьызощIэ. Езы Бэдэху чэщанащхьэм кьоплъыхри тесщ. Кьакlуэ шум и щыгфэлIыфэр игу иримыхьмэ, шур чэщанэм дагъэхьэркъым.

Сосрыкъуэ : ГъэщIэгъуэ энщ!

Къуийцыкlу: Шур игу ирихьмэ, ирагъэблагъэ. Ар гъунэгъуэ зэпеплъыхьри, игу иримыхьыж хъумэ, хьэщIэщымкIэ щIамышIу дагъэкIыж.

Сосрыкъуэ: Iэу!

Къуийцыкlу : Уэр дыдэм ар кьыпщымыщIкIэ, Сосрыкъуэ. Ей, а Бэдэху дахэр Iэдэжэм иопэгэкI.

Сосрыкъуэ: Деплъынкъэ. Си гъуэгу хэзгъэщIынщ. Уэынщ э!

Къуийцыкlу: Гъуэгу махуэ!

(Сосрыкъуэ сценэм Iокl, и шы лъэмакъыр кьоIу. Къуийцыкlу и сыринэм кьыIуэ пшынальэм и гъусэу сценэр кIыфI мэхъу, нэху мэхъужри: Джылахьстэн и чэщанэращ. Чэщанэр мыващхьуэ сэрейщ, бльнщ. Абы и щыбгъэкIыжкIэ плъапIэ лъагэ кьыдэтщ. А плъапIэм Бэдэху тесщ зеплъыкъри).

Бэдэху *(Iэдакъэжьауэ ищIауэ мапльэ)*:Дэ ди Iкъэ, Сосрыкъуэ жьыуаIэр песужкъ, мо кьэса шуращ! *(Къоплъыхри, щIэтхэм унафэ яхуещI. Ахэр кьэльагъуэрхьым, сэрей щыбым къуэтхэщI).* ... Абрэмывэр IуящгъэхуГуриикIи кьакlуэ шур кьыдзэгъэхьэ, къеВгъэлагъэ! *(И щхьэ хужиIжэу)* Сосрыкъуэ, Сосрыкъуэ жаIэри жэщми махуэми нартхэм яIурылыщ, сеплынщ абы и лIыгъэм.

Сосрыкъуэ *(Быдаплъм зэрэдыхьэу маплъэри, щы фIэдзапIэр уамыгъэльагъуэку щыуаи-нэ зэтелъхэр щытхэщ. И щхьэ хужеIэж)* Мы сльагъу кьомым тесахэр Бэдэху и псэлыхьымэ, дэ дыкьыщIкIуэни щыIакъым. *(Алхуэдэу щыту Джылахьстэн сценэм кьохьэ, Сосрыкъуэ кьыпожьэ).*

Джылахьстэн: Iэу, жьмыкъэрыхьэри кьэсаи! *(Сосрыкъуэ ауан кьешI).* Мо нарт щауэхэм я гуращэр уэрэ уи гуращэмэ, Сосрыкъуэ, кьеБ-нобэ куэдым дыхьыумыгъэту щIэдгъадзэ!

Сосрыкъуэ: ЩIэдгъадзэ жьыпIэмэ, сыкьэзырщ!

Джылахьстэн *(зитъэлагъ)* : Мо шы фIэдзапIэм деж зэтелъ уанэ гупIыр зей щауэхэр си пхъум и псэльыхьуэ *(и Iэр уанэхэмкIэ еШIи)* А кьомым яIымыса си пхъур уэ жэмыкIуэрыльхум сыту кьыпплъсрэт! *(Шы зэрыжеIэ макъ кьоIу).* ... Iэу, а шыхэри щхьэ зэрызехьэрэ?!

Сосрыкъуэ: Си Тхъуэжьейм уи псальэмакъыр игу ирихьакъыми, альп кьомым яхэльэдау э зэбгрэку. Хэт ищIэрэ, а нарт щауэхэм яIыымыса уи Iэдэхурри сэ кьыслысынкIэ хьунщ *(гушIэ щыкIэу жиIащ).*

Джылахьстэн *(кьыщIэнаIэу)* : Уэ пжэщ жэмыкIуэрыльэ ху куэдым ягугъат ар! Уэ куэд жумыIэу мо Бэдэнокъуэ и бжыкIыр щым кьыхэчыф, Бэдэху урипсэлыхьуэ! *(Щым хэсауэ кьыхэпIиикI бжымкIэ и Iэр ищиIуэрэ жеIэ).*

Сосрыкъуэ *(Бжыкым бгъэдохьэри)*: Мыр, дауи, Лъэпщ и сыджкъым. Мыр кьыхэсчмэ, Бэдэху сысей хьуауэ аракъэ?

Джылахьстэн: Махуэр умыгъэхьэулейуэ, уеIэнумэ еIэ бжыкIым! *(Сосрыкъуэ бжыкIым кьеIэри, кьыкIичащ. Джылахьстэн кьэгъуэзващ. «Соунэхьу, си пхъур жэмыхьэрыльхъм сфIелхь», - жиIащ, Сосрыкъуэ зэхимыхьу).*

Сосрыкъуэ: Мис бжыкIыр, кьащтэ мыдэ уи пхъур!

Джылахьстэн: Хьэуэ, Сосрыкъуэ, а уэ уэзригуГъу Iуэхур зэфIэкIтэмэ, уи япэу кьэса нарт щау эГуэрым сИ пхъу лыысынт. Уэ сыбгъэлъэгъуар уи бланагъэращ. Иджы уи шэрыуагъымрэ уи щабзэр здынэсымрэ сыгъэлъагъут.

Сосрыкъуэ: Ари содэ! *(И щабзэр зэIуплъдзащ).*

Джылахьстэн : Мо пшэм кьыхэльэта пщIащхьэр плъагъурэ?

Сосрыкъуэ : Солъагъ у.

Джылахьстэн: Ар кьеудых.

Сосрыкъуэ : Хьунщ! *(Хьэгъум дэуе ящ, щабзэшэр пшэм хьыхьэри, кIуэдащ. Джылахьстэн тIэкIуэрэ дэплъенуэ щытри, щабзэшэр кьыщемыкуэхьыжым...)*

Джылахьстэн: Ар сIоIж, Сосрыкъуэ, уи щабзэр кIуэдыпап! *(Дыхьэшхыуэрэ Сосрыкъуэ ауан ешI)* ... Уэ пху зэдэхэм я щабзэм бзуужь цыкIуи кьиукIыфыкъым, итIани, сыпсэлъыхьу щауэщ жыбоIэ! *(IуящъэзыкIыну щыхуежьажэм).*

Сосрыкъуэ : Уий, Джылахьстэн, зэ догуэт, умыпIащIэт, дэпльэт щфэм. *(Джылахьстэн уафэм доплъейри, кьельагъу: пщащхьуэр щабзэпэм пIуIауэ я кьохуэхьыкIри, и пащхьэм щыхыкIесэ. Зегъаззри, Сосрыкъуэ зэхимыхьи ху зэдэу жеIэ: «Соунэхьу, жэмыхуэ зрыльхум, си пхъур сфIелхь». Сосрыкъуэ йоIэбых, щабзэшэр кьешIэжри, жеIэ):* Мыр уи пщIащхьэщ, кьащтэ иджы уи пхъур.

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

(КъыкIэлыкIуэнущ).

● Ди сурэт гъэ тIылъыгъэхэр

Адыгэ пщащэхэр.

● Фэ фщIэрэ?

Мылым и лъэхъэнэр

АПХУЭДЭУ зэджэр ЩIым и тхъэмаш хэта зы пIалъэщ - ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ кьикIа мы Iувым щIыналъэ куэд щызэщIищтарщ. А лъэхъэнэм зэщIэщтхьат Америкэ Ищхъэрэм и зэхуэдитIым нэхърэ нэхъыбэр, Европэр, Сибырым и къухьэпIэ лъэныкъуэр.

Дапщэщыт ар кьыщыкъуар? Куэдрэ екIуэкIа а лъэхъэнэр илъэс мелуан ягъэкIащIидзат. Щиухар ЩIым и щIыналъэхэм щызэхуэдэкъым. Европэм и ищхъэрэ лъэныкъуэм - Урысеим, кьапщтэмэ, илъэс мин бжыгъэ зыбжанэ и пэкIэщ. Ауэ кьыхэгъэщыпхъэщ языныкъуэ щIыпIэхэр иджыри абы зэрИыгъыр. Кьэбгъэлъагъуэмэ, Гренландиер нобэр кьызэдэсым мылым щIигъэнащ.

Къум километр зэбгъуэнатIэ мелуанхэм щIигъу мылым зэщIищтат. Европэм апхуэдэ щIыIэр нэхъ етауэ щыщытар иджырей Индэжыныым, Германием, Румынием, Урысеим и ищхъэрэ лъэныкъуэм яубыд щIыналъэхэрт.

А лъэхъэнэр нэхъ Iейуэ кьызытехьэлъар, дауи, псэущхьэхэращ. Абыхэм я нэхъыбэр Ипщэ щIыпIэхэм кIуэн хуей хъуащ. Арыншауэ хъунутэкъым, дунейм и щытыкIэщIэр зыхуэмышэчыныхэр щIыпIэ нэхъ хуабэхэм кIуэрт, ар зыхуэзэфIэмыкIэхэр щIыIэм иЛыкIырт. Мэзым щыпсэу хьэкIэжхъуэкIэхэрэм я нэхъыбэр кIуэдауэ щытащ а лъэхъэнэм, иджыпсту щыIэжыр абыхэм ящыщ мащIэ дыдэщ.

Дуней щытыкIэм зэрызихъуэжам зыдищIыфащ щIыхуэм. Уеблэмэ, апхуэдэ щIыIэ кьызэрыхъуэм щыхум и акъылым зригъэужьауэ хуэбгъэфащэ хъунущ, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, щIыIэм зэрызыщихъумэн Iэмалхэр кьигупсысын хуей хъущ.

КъэкIыгъэхэми зэран яхуэхъуащ мылым и лъэхъэнэр. Язныкъуэхэр хуабапIэ щIыпIэхэм кьыщыкIми, лIэужьыгъуэ куэд щIым текIуэдыкIыжащ.

ШЫПШ Даянэ.

● Цыкlуэхэм жаIэ

Лэн иухынукъэ?

КУЭБЖЭР илэу кIэрыт анэм набдзэгубдзапIэу кIэлъыплъ щIалэ цыкIум и адэр кьыбгъэдыхьэри кьыжриIащ:

- Уэри, си щIалэ, ин ухьумэ, мамэ удэIэпыкъунщ.

- Уарэ, мамэ апщIондэху лэн имыухыну ара? - егъэщIагъэу щIалэ цыкIум.

Мэрем хьэмэрэ щэбэт?

ПСэЛЪЭН щIэзыдзагъащIэ Темботэ и анэшхуэм йоупщI:

- Нанэ, блыщхъэ кьаКIуэ сыт хуэдэ - мэрем хьэмэрэ щэбэт?

Аслъэн бжэфкъым

АДЭМ и кьуэм кIэнфет ирет:

- Iэдэм, кIэнфетипщIуэотри, и ныкъуэр уи кьуэш нэхъыщIэ Iущкъым ет.

- Щыр естмэ, куэдкъэ, папэ?

- Хьэуэ, тху ептын хуейщ хьэмэрэ умыбжэфрэ?

- Сэ собжэф, ауэ Аслъэн цIыкIу хуэбжыныкъымихуэбжыныкъым, нэхъ мащIэ естмэ щхьэ мыхьуэрэ?!

● Хъуэхъу

Тэрч куейм хыхьэ Курп Ищхъэрэ къуажэм щыпсэу Багъэтыр Марие Хьэгуцырэ и пхъур кьыщалъуа махуэщ, и ныкьыр илъэс 70 ирокъурп, дохъуэхъу

ПщIэ зыхуэпщI Марие! Ди нэхъыжьыфIым дынохъуэхъу уи узыншагъэр быдэу, жьыгъэр кьыпщIэмыхьэу. ГуфIэгъуэм ущымышIэу, щIэблэ насыпым удэбжьыфIэу, берычэтыр уи жьэгуу, Алыхьым кьыпхуигъэфэща гъащIэр гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэкIэ гъэнщIауэ епхъэкIыну. Нобэ хуэдэу мамэ щабэу, нанэ Iэфпу, уи чэнджэщыр нэхъыщIэкэ я гъуаэу укьытщхьэщытыну, уи махуэшхуэ куэд дгъэльэпIэну ди гуапэщи, Тхъэм утхуитхэпсэу!

КЪУЭКIЕЙХЭ Борис, *(Ларисэ, Руслан, Рустам, Залинэ.*

● Псэпъафэхэм я мыхьэнэр

УзыгъэтIыс уиубыжыркъым

Мэкъу еуэм зегъаззри, кхъуей зыхуэзыр тхъэмыщкIэщ.

НэгъуэщIым и Iуэху гугъур тынш цIыкIуу, ауэ езым и Iуэху тынщыр гугъуу къэзылытэ цIыхум ауаныщIу хужаIэ.

Гъуэгум и кIыхьагьым хуэдизи и бгъуэгъ.

УзыхуэзэIауэ гъуэгум ущугъэнкIэ зэрыхьунум щхьэкIэ апхуэдэу жаIэ.

Узыр уэщынэкIэ кьокIуэ, мастэнкIэ мжкIуэж.

Узыр къэкIуэгъуафIэ щхьэкIэ, кIужьигъуафIэкъым жьыхуиIэщ.

УзыгъэтIыс уиубыжыркъым.

ТIысыну хуит ящIам зыщрильэфыхьым деж ягъэгушхуэу жраIэ хабзэщ (нэхъыжьхэм я IизышIэу бгырысхэм тIыс я хабзэкъым).

Хьуэжь и бэщмакъыу зыкъ-ригъэнащ.

Хьуэжь, и бэщмакъыр щхьэусыгъуэу ищIу, жэнэтым къаэрыфIина щIыкIэм теуэхуа таурыхь дыхьэшхэн цIыкIум кьытехьуэкIащ.

Уэ укъалэмэ, сэ сытощ.

КъыпэщIэтым худи чыхьэу хуейкъым - зэрефIэкIыр и текъгъащIапIэщ. Хьэл, Iуэху еплъыкIэ, зэжьэхуэзныгъэ, нэгъуэщI зэныкъуэкъу екIурабгъуншэ сытхэм ятеухуауэ жаIэ.

● ЩIыхуэхуэхэм я гупсысэхэр

Дахагъэр уэсэпсым ещхьщ

● **Уи гурылтыр кьомыхьулIауэ ар хэIущIыу пщIыныр фIыкъым.**

Селден Джон.

● **Акъылыншэр зи щхьэ и унафэ зыхуэмышIыжу нэгъуэщIым деж нэсырщ.**

Публий Сир.

● **Уи унафэм щIэтхэрн фIыуэ плъагъу хъунущ, ауэ езыхэм закъебгъащIэ хъунукъым.**

Сент-Экзюпери Антуан.

● **Дахагъэр уэсэпсым ещхьщ, куэдрэ псэукъым.**

Шяаб Густав.

● **Акъыл жан здэщIыIэм кьару кьызэрымыкIын щыIэщ.**

Гюго Виктор.

Псалъэзэблэдз

Ekly экlыу: **1.** Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ, Кьэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ артисткэ, «Кабардинка» къэрал ансамблым и къэфакIуэ пажэу щытащ (Марие) и фэеплъу Налшык дэтыр зытращIыкIа. *(Сурэт.)* **6.** Адыгэхэр Кубань псым зэреджэр. **9.** Нэкьыгъэ мазэм гъэгъа хужь дахэ цIыкIуэхэр кьызыпидзэ, мэгуакIуэ зиIэ удз. **11.** Адыгэхэм ижь-ижьыж льандэрэ ящ фадэ мах**э. 12.** Езыр адрейхэм ефIэкIыу зыкьызыщIыхьэж, зыкьызыфIэщIыжь цIыкIу. **13.** Пщалъэ гурэхэр, здынэсыфынур кьэзыгъэльагъуэ. **16.** Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артист, Кавказ Ищхьэрэм щыцIэрыIуэ пшынэхъэ. **18.** ТхъэшкIэртIоф, кьъуеилъалъэ сыт хуэдэхэр дэлъу ящI шхынгъуэ. **19.** Нэщ! исхэм я пщэдджьжьышхэ. **20.** ЕджапIэ нэхъыщIхэм и факультетым и унафэщI. **21.** ПсэущхьэхэмятеухуауэтащхьэкIэхэрэм я нэхъыбэр кIуэдауэ щытащ а лъэхъэнэм, иджыпсту щыIэжыр абыхэм ящыщ мащIэ дыдэщ.

Дуней щытыкIэм зэрызихъуэжам зыдищIыфащ щIыхуэм. Уеблэмэ, апхуэдэ щIыIэ кьызэрыхъуэм щыхум и акъылым зригъэужьауэ хуэбгъэфащэ хъунущ, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, щIыIэм зэрызыщихъумэн Iэмалхэр кьигупсысын хуей хъущ.

КъэкIыгъэхэми зэран яхуэхъуащ мылым и лъэхъэнэр. Язныкъуэхэр хуабапIэ щIыпIэхэм кьыщыкIми, лIэужьыгъуэ куэд щIым текIуэдыкIыжащ.

ШЫПШ Даянэ.

ЩыIыщIэм и 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Ekly экlыу: **5.** Плъыр. **6.** Аркъэ. **7.** Мей. **8.** Псыдзэ. **9.** Сэнтх. **12.** Содэ. **13.** Псыхьурей. **17.** Нарт. **21.** Бжьыдзэ. **22.** Еджьб. **27.** Къэзэр. **28.** Къурашэ. **33.** Дарэгъу. **38.** Тхъурыжь. **39.** Ныс**э. 40.** ХьэмфIанэ. **43.** Бжей. **46.** Борис. **47.** Ахъшэм. **48.** Кьэб. **49.** Ийдуте. **50.** Гъубжэ.

Къехыу: **1.** Апэсы. **2.** Ермэлы. **3.** Кьайсэр. **4.** Узэкъутэ. **10.** Адрыщ. **11.** Кьанжэ. **12.** Собэ. **14.** Сыщк. **15.** Хъуэр. **16.** Еру. **18.** Тебэ. **19.** Хъэ. **20.** Яе. **23.** Бзу. **24.** Кьурш. **25.** Акъужь. **26.** Баш. **29.** Удын. **30.** Брест. **31.** Курыжэ. **32.** Къъужьей. **34.** Гъуэ. **35.** Гъуджэ. **36.** Уфэ. **37.** Чыж. **38.** Тхъу. **41.** Мэскьал. **42.** Алабгъу э. **44.** Токъуий. **45.** Хьэсэгъу.



Латиныбзэ зыщIэр куэд хъурэ?

●Тхыдэм щыщ

ЛАТИНЫБЗЭР зэзыгъащIэхэм, абы ирипсэльэфу щытыну хуейхэм я бжыгъэр мащIэ дыдэ хуауэ. Ящыкъыкъу щIэныгъэлIхэмрэ дохутырхэмрэщ а бзэр кьэзыгъэсэбэпыжыр, ари я IэщIагъэм хэлэн кьащещIри аращ. Абы кьэхакIи, а бзэр кIуэджауэ кьалъытэ. Ауэ ар зэгуэр «псэууэ» щытащ.

Ди эрэм и пэкIэ 753 гъэм жыIэ щыкIуу кьэжьа Римым зиужьырэ, кьалэшхуэ хъуащ. Абы щыпсэухэмрэ гъунэгъуу къабгъурыс-хэмрэ зэрыпсалъэр латиныбзэт. Ар Тибр дуэым щыпсэу зы лъэпкъ гуэрым и цIэм кьытекIауэ аращ. Диалект зэхуэмыдэхэр зиIэ бзэр зэгуэрым кьарууфIэу щытащ, иужькIэ кIуэдажащ.

А лъэхъэнэм римдэсхэм тхыбзэ яIэтэхьэм. Ауэ, ди эрэм и пэкIэ 740 гъэхэм кьрибубдэу Альдажьр кьаэзуэ нэужь, абыхэм я щэнхабзэр, литературэр зрагъащIэри, ар куэд тхэфыртэкъым, ауэ театрыр зыхалъхьэ щымыIэу фIыщIэу яльагъурти, рим драмэхэм драмэхэр куэду ятхырт. А лъэхъэнэм кьриубдэу латиныбзэм зихъуэжат, кьыпхуэмыцIыхьужьын хуэдизу.

Абы и фIыгъэкIэ латин тхыбзэр кьэунэхуащ, орфографие, грамматикэ жьыпхъэхэр зэхэхауэ иIэу. А бзэм ирипсальэрт а кьаралым щыщ цIыху нэхъ пажэхэр, нэхъ зыхэзыIэтыкIхэр. Абы и фIыгъэ ар нобэрей зэманым кьызэрысари.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар НЭЩIэПЫДЖЭ З амирэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкIэмыхъу Мариие** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариие** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Итэпан Залинэ, Кьардэн Мариие, Хьэжькъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхуэщ1ап1эхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресс-къулыкъ - 42-22-88; ерыскъыгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхуэщ1ап1эм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэрэ зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтеуэу зэпытыну щыIэкъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынкIи щIэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ пошт зэнымIэныжьхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щынымкIэ жэуап екъа КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм льагъэкъащ и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыкъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору ЖъэкIэмыхъу Мариие, корректорхэу Щоджэн Инир** *(1, 2-нэ нап.)*, **IихытIыкI Юрэ** *(3, 4-нэ нап.), КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Мариие, Щомахуэ Мариие, Гъукlэл Рае,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iнатlэм щагъэхьзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 9.233● Заказ №296